ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№231 (21.889) ● 2010 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Президент

Къанокъуэ Арсен Интернетыр жыджэру къегъэсэбэп

«ВЕДОМОСТИ» газетым щІипщытыкІащ урысей политикхэм Интернетыр къыхэгъэсэбэп щыкІэр. Къэпщытэнигъэм хиубыдащ Урысейм и Президентымрэ Правительствэмрэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэхэмрэ губернаторхэмрэ, депутатхэмрэ сенаторхэмрэ я лэжьакІэр. Щыналъэхэм я унафэщІхэм ящыщу Интернетыр нэхъ жыджэру къэзыгъэсэбэпхэм хабжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен. Абы щыгъуу я цІэр кърагъащ губернаторхэу Белых Никитэ (Киров область), Зеленин Дмитрий (Твёрь область), Поздгалев Вячеслав (Волгоград область), Чиркунов Олег (Пермь край).

УФ-м и полномочнэ лІыкІуэхэм ящыщу япэ ирагъэщащ Хлопонин Александр (Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округ). Абы езым и напэкІуэцІ Интернетым щиІэщ, апхуэдэу ЖЖ-блогыр къегъэсэбэп.

Журналым етх: «КъулыкъущІэхэм Интернет сетыр къагъэсэбэпу щІадзащ, зыныкъуэхэм - гъащІэм кьыкІэрымыхуп папщІэ, адрейхэм - иджырей технологиехэр зыпсбгъуэуэ къэзыгъэсэбэп Президентым зыдрагъэкІыр папщІэ. Ауэ властым и Іэнатіэм пэрыт куэдым мы Іуэхумкіэ яхурикъун зэфІэкІ ялэкъым. Къэгъазэ имыІэу зэманым къыкІэрыхуэ къэрал къулыкъущІэ зыбжанэм нобэм къэс щзгъэкъуэн кьащІакьым связым и иджырей каналхэм ящыщу зыри».

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм щыпсэуэхэм я тхыгъэхэр **www.president-kbr.ru** е президент-кбр.рф официальнэ сайтым хиубыдэ Интернет Іэнатіэм кьыхуагъэхь, абы blog.pr esident-kbr.ru е блог. Президент-кбр.ру видеоблогыр, Твиттерым щиІэ twitter.com/ArsenKanokov микроблогыр къегъэсэбэп. КъБР-м и Іэтащхьэм теухуа видеоюжютехэр илъщ YouTube.com/presidentKBR видеоканалым.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Муниципальнэ щІыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкІыным хуэгъэза законхэр къэщтэнымкІэ жэрдэмхэм хэпльэ зэгурызыгъэІуэ комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм, «Балъкъэр лъэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьыхалъхьахэм хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Муниципальнэ щІыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкІыным хуэгъэза законхэр къэщтэнымкІэ жэрдэмхэм хэпльэ зэгурызыгъэІуэм комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2009 гъэм накъыгъэм и 28-м къыдигъэкІа Унафэ №93-П-П-мкІэ къызэригъэпэщам къыхэгъэкІыжын Сэхъу М. И., Тупикин А. Н., Чочаев М. М. сымэ.

2. А комиссэм хэгъэхьэн Лыджыдэ Хь. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылькур зехьэнымрэ щІы Іуэхуэхмкіэ и министрыр, Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, гъэсынпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым и унафэщІыр, Аккаев А. А. - «Балъкъэр лъэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Алан советым хэтыр.

3. Евтушенко С. В. и кІулыкІум зэреджэр мы кІыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэкІын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, связымрэ информатизацэмкІэ и министрыр».

4. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м
№555-П-П

● Шэрэдж куей

Лъэмыжьр зыхуей хуагъазэ

Шэрэдж куейм хыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуаэмэр Мухол хъблэмэр зэпыщІыпІэ, Шэрэдж псым кІуэщІрыкІ, метр 60 зи кІыхьагъ лъэмыжьр зэрагъэпэщыжащ.

ЛЪЭМЫЖЬР и кІыхьагъкІэ кьаухьащ, гъуэгубгъум къэмыкІуэу псым лъэныкъуэкІэ ирагъэзащ. А Іуэхугъуэхэм ехьэлІа лэжьыгъэхэм текІуэда мылькур республикэ бюджетым къыхэкІащ.

Ремонтыр хъарзынэу зэфІигъэкІащ «Шэрэдж ДРСУ» подряд организацэм. Иджы лъэсырызекІуэхэмрэ автомашинэхэмрэ шынагъуэншэу лъэмыжьр зэпаупщІ хуэунэ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.



Аргуэру тоуэ

Израильм зыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм къыщэритымкІэ, бэрэжьейм и япэ сыхьэтхэм кьрифыбыдау абы и авиацэр бомбэкІэ еуащ Газэ секторым и ипщІанальэм. Журтхэм жаІэ ар палестин боевикхэр ракетэкІэ аргуэру къаззрыхэуам и жэуапу.

Авиацэм кьалэну хуагъэуат Іэщэ щыгъэпкъралъхьэ лъэщапІэр, Мысырымрэ Палестинэмрэ я кьэрал гъунапкъэ лъабжьэм щІатІыкІа гъуэгу щэхур бомбэкІэ зэхакъутэну. А Іуэхум щхьэусыгъуэ хуащІащ Израиилым и ипщэ щІыналъэм иужьрей махуитІым кьрифыбыдэу реактивнэ ракетэу щы къыззрыщехуэхар.

Хэкіуадэхм е уІэгъэхэм я хъыбар зэкІэ щыІэкъым. Палестинэмрэ Израилымрэ я зэхуэщІыкІэр кьэхуам нэхъ я зэщІигъэпІъэнкІэ щынагъуэ щылэщ.

Зэкіэ загьасэ

«Ренхап» хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэм къыззритымкІэ, Корее хьІтыгум и кьэралитым зэпаубыда тенджыз Гъуэжьым деж КНДР-м и лъэныкъуэкІэ топыщэ къэуэхэм я макъ къыщыІуащ.

Абы Корее Ипщэр кьигъэгъозэва щхьэкІэ, зэкІэ КНДР-м и зауэлІхэм загьасэу арауэ къыщІэхІащ. Зы топыщи къыщеуэхакъым а къэралым и щІыналъэм, абыхэм зэпаубыдауэ зауэ къыщІэхъеинкІэ щынагъуэ Йолпендо хьІтыгум хэту.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, щэкІуэгъуэм и 23-м а хьІтыгум топыщэ 80 кьыщехуэхыу цІыху зыбжанэ хэкІуэда нэужь, Корее Ипщэри топышэкІэ еуэжащ КНДР-м. Нобэр къыздэсым а кьэралитІым я зэхуаку зауэ кьыдэхъуэнкІэ щынагъуэщ. Корее Ипщэм и телъхьэу, кьаугъэм хьихьащ США-ри: а кьэралитІым я зауэлІхэм зэгъусэу гъэсэныгъэхэр Йолпендо хьІтыгум пэгъунэгъуу щагъэкІэкІ.

Алыджым и гугъуехьэр

Афинхэм зыкъыщыІэту полицейхэм махуэ зыбжанэкІэ еэзэуа щІалэгъуалэр зэбгрыкІыжьыни хунэмысу, дыгъуасэ сыхьэт 24-кІэ лъжьэн щагъэтащ а къэралым и гъущІ гъуэгу транспортым и лэжьакІуэхэм.

Полицэм 2008 гъэм Іэщ1эжкІауэ щыта ныбжьыщІэм ильнобэр къыздэсыни щІалэгъуалэм ящІэжу арамэ, гъущІ гъуэгум и лэжьакІуэхэр арэзыкъым правительствэм я Іэнатіэм щригъэжІуэкІыну иубзыхуэ ІуэхугъуэхэмкІэ.

Къэрал псом зы мафІэгуи щызекІыкъым, цІыху мелуани 4 щыпсэу Афинхэм щызэтеувыІащ автобусхэри, троллейбусхэри, трамвайхэри, метрори, электричкэхэри. ЦІыху мелуаным щІигъу щыпсэу Солоники къалэми автобусхэр щызекІуэркъым.

Алыджым и социальнэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ бюджетым игъэкІуэд мылькумрэ зэригъэмащІэм кьыпэкІуэу, Евросоюзымрэ МВФ-мрэ кьыхуаутІыпщ кредит мылькуу еврэ меларди 110-рэ. Аращ къаугъэ псори къахуэзыхьыкри.

НОБЭ

■Коррупцэм евзныным и дунейпсо махуэщ

■Ильэси 105-рэ и пэкІэ Франджым дунейм щыяпэу кьыщащтащ къэралымрэ чрезсэмрэ зэгуэзыгъэщхьэхукІ унафэр.

■Дыгъэгъазэм и 9 - 10-хэм Москва щекІуэкІынущ СНГ-мрэ ОДКБ-мрэ хэтхэм я президентхэм къэрал щІыб Іуэхуэхэмкіэ я министрхэм я зэІуещІэ.

Дунейм и щытыкІэнур:

■«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкІэ, къэблагъэ махуэхэм дунейм и щытыкІэм щІагъуэу зихьуэжьнукъым. Нобэ пшэр техьэ-текІыу щытынущ, хуабэр махуэм градуси 9-м, жэщым градуси 4-м нэсынущ.

Планэлэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифэ.**

● Нобэ

Лъэпкъ лІыхъужьхэм я цІэ-унэцІэхэр дыщэпскІэ иратхащ Кремлым дэт сэрейм и бжаблэм

Хэкум и лІыхъужьхэм я махуэр дыгъэгъазэм и 9-м Урысейм щагъэлъапІэ нужьрей илъэсхэм. Абы и тхыдэр жыжьэ кьыщожьэ. 1769 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м, щихъ Георгий и махуэм, пащтыхь гуащэ Екатерина ЕтІуанэм Георгий и орденыр ятын хуейуэ унафэ ищІауэ щытащ. Урысейм щат орден псоми нэхъри нэхъ лъапІэт ар, и пщІэр лъагэ дыдэт, ар зыхуагъэфащэр зи лЫыгъэкІэ цІарыІуэ хьуа лІыхъужьхэрт. Георгий орденыр зратыр зауэм кьыхэжаныкІа офицерхэмрэ генералхэмрэт - ахэр кьызыхэкІа лъэпкъымрэ унагъуэмрэ емылъытауэ.

ГЕОРГИЙ орденым нэхъ иужькІэ классипІ (нагъыщипІ) иІэ хьуащ. Орденым и япэ нагъыщэр лъапІэт, зратри цІэрыІуэ дыдэ хьуа офицерхэмрэ генералхэмрэт - цІыху 25-рэщ ар зыхуагъэфэщащэ щытар (Урысейм и орден нэхъыщхьэр - Андрей Первозваннэм и орденыр цІыху миным щІигъум иратыгъащ). Георгий орденым и нагъыщипІри зыхуагъэфэщар цІыхуипІ кьудейщ - Годенищев-Кутузов М. И., Барклай-де-Толли М. Б., Паскевич-Эриванский И. Ф., Дибич-Забалканский И. И. сымэ.

КъэхьыгъуэфІэтэкъым Георгий орденыр. Абы и 4-нэ нагъыщэр зратам уэркъыцІэ фІащу щытащ. Урысейм и тхыдэм щыцІэрыІуэщ кьэралым и хуитыныгъэм щІэзэуа адыгэ лІыхъужь куэд - Георгий орденыр е абы и нагъыщэ гуэркэр кьыхуагъэфэщауэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Іуащхьэмахуэ куей

Я псэупІэхэр ирагъэфІакІуэ

«2012 гъэ щІондэ кьуажэхэм социальнэ и лъныкъуэкІэ зэрызаужьынур» программэ хэхам ишкъ иткІэ, Іуащхьэмахуэ районым щыщ унагъуиблым я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ.

КУЕЙ администрацэм мэкъуэмэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и къудамэм и ІэщІагъэдІэхэм щыгъуазэ дызэращІамкІэ, иджыри мылъку кьызэрыхуатІыпщар кьагъэсэбэпу, мы илъэсым кьрибубыдэу я псэупІэ унэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ иджыри унагъуищІым ядэІэпыкъунущ.

2011 гъэм и программэм унагъуибгъу хэтынущ. Абы ипкъ иткІэ, унэм и уасэм и процент 70-р кьэралым ирет, адрей процент 30-р псэупІэр зейхэм халъхьэ.

ТАРИМ Алисэ.

● ЗэІущІэхэр

Илъэситі хъуауэ

Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэлІу Советыр (КСАОО) кьызэрыцнэхурэ илъэситІ щрикъум ирихьэлІэу, абы хэтхэр, КСАОО-м и тхьэмадэ тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент Кьалмыкъ Жылэбий я нэхъыщхьэу, яІущІащ республикэм и телевиденэхэм, радиом, газетхэм я журналистхэм.

КЪАЛМЫКЪ Жылэбий зэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ ягъэльапІэ махуэм тещІыхьауэ КСАОО-м тхылъ зыбжанэ кьызэрыдигъэкІам, 131-нэ федеральнэ законыр (жылагъуэхэм я муниципальнэ щІыналъэм и гъунапкъэхэр зыубзыхуу) республикэм гъэзэщІа зэрыщІихьэм, адыгэ лъэпкъым и тхыдэр зэблэзышьну хущІэкъуэхэм зэрапэщІэтым теухуауэ ялэжьхьэм. КъищынэмыщІауэ, КСАОО-м и тхьэмадэм кьигъэльэгъуащ Советым нобэ кьыпэщыть кьалэнхэр зыхуэдэр.

Абы и къуэдзэ Шэшэн МуІэед тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм щыпІэ самоуправленэхэр кьыщызэгъэпэщыным и хабзэхэр зыубзыху 131-нэ статьяр ди республикэм щыгъэлэжьэным, абы папщІэ Къущхьэхъу хьупІэхэм я статусыр убзыхуным пыщІауэ екІуэкІ лэжьыгъэм.

Советым хэт Щыхьмырзэ Анзор зи гугъу ищІар ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэр зэщІатэлІмпуэ кьыгуГъэ кьагъэхьеным нужь итхэр зэрыщыІэращ. Абы кьигъэльэгъуащ мамырыгъэмрэ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ гъьбыда хьун папщІэ лэжьыпхьэхэр.

Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Дзэмыхъ Къасболэт кьигъэльэгъуащ нобэ «Шэрджэс Іэхуэхэр» Урысейми, дуней псоми куууэ кьыщыІэта щІэхъу щхьэусыгъуэхэр, гугъуехьхэм ехьэлІауэ лъэпкъым илъэныпхьэхэр, Урыс-Кавказ зауэм щыгъуэ, абы и ужькІэ адыгэ лъэпкъым кьытехьа лейр «геноцид» псалъэм и мыхьэнэм кьызэритІасэ щыкІэм тепсэлъыхьащ.

Дзэмыхъ Къасболэт и псалъэм кьыпищэу, Советым хэт Жэмыхъуэ Суфян и гугъу ищІащ адыгэ лъэпкъым и геноцидыр Урысей Федерацэм и властым кьилъытэным хэлъ гугъуехьхэм, кьыхигъэщащ апхуэдэ псалъэмакъым властри адыгэхэри нобэ зэрыхэмыкъызэрыр.

ЗэІущІэм и кІэухыу КСАОО-м хэтхэм жэуап ираташ журналистхэм я упщІэхэм.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Къэрэдасэ щІыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкІыным хуэгъэза законхэр къэщтэнымкІэ жэрдэмхэм хэпльэ зэгурызыгъэІуэм комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Чэнджащэ Іуэщхъуркъым, упщІэ щІэщхъуркъым.

● Хъыбар гуапэ

«Шэрджэс» фильмым и саугъэт нэхъыщхьэр

Монакэ щекІуэкІа Дунейпсо кинофестивалым ди гуапэ хъуа хъыбар къикІащ - «Шэрджэс» фильмым къихьащ а фестивалым и саугъэт нэхъыщхьэр.

ФИГУ КЪЫДОГЪЭКІЫЖ: «Шэрджэс» фильмыр тезыхар тхакІуэ, режиссер, сценарист Кьандур Мухьэдинщ. Ар «Синдика» урысей-иордан кинокомпанием и етІуанэ лэжьыгъэщ.

Кинофестивалыр мы гъэм дыгъэгъазэм и 2-5 махуэхэм екІуэкІащ, абы фильм 480-рэ щагъэлэгъуати, 7-ращ саугъэт зыхуэфащэу кьалъытар. Кьандур Мухьэдин и гуГъэсэу кинофестивалым щыІащ «Шэрджэс» фильмым хэт хьэрып пщащэм и ролыр зыгъэзэщІа Бишар Сэхъэр фильмым щыджэгуахэм ящыщ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан, режиссерым и ныбжьэгъу адыгэхэу Европэм щыпсэухэр.

«Шэрджэс» фильмыр зытеухуар зи хэкур гуэвэгъуэкІэ зыбгынэу 1900 гъэм Трансиорданием кьыщыхьута адыгэхэмрэ пшахъуэщІым щытепщэ бедуинхэмрэ зэрызэрыцІыхуа, зэрызэрыІуэта, я щэнхабзэмрэ хьэл-щэнымрэ зыхуэдэр кьащІэху зыхэта гугъуехьхэрщ.

Художественнэ фильмым хэтхэр я бзэхэмкІэ мэпсалъэ (адыгэбзэрэ хьэрыпыбзэкІэ). А фильмым елэжьащ Москва щыщ Іэщ1агъэлІхэр. Ролхэр зыгъэзэщІар Къэбэрдей-Балъкъэрыпрэ Иорданиемрэ я артистхэрщ. Абыхэм бзэ кьызэрызэхуагъуэтар гъэщІэгъуэнт, зы гупыр адрейм зэремпсэльэфыр кьэпІалъытэмэ. Фильмыр щытрахар къумрат, хуабэр градус 40-м щынэсу къэхъуу. Дуней зыхэхуар, бедуинхэм я псэукІэр, зэхэтыкІэр, хабзэр япэу зыльэгъуа ди артистхэм ягу ихужьну къыщІэкІынкъым Иорданием щагъэкІуа махуэхэр.

«Шэрджэс» фильмыр зигу ирихьахэри ирымыхьахэри зымкІэ арэзы хъуат: КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Къумахуэ Мухьэдин и ролыр пылъхьэнщэу игъэзэщІащ. Псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэнищэт абы хьэрыпыбзэкІэ жиІэн хуейр гукІэ зэрызригъэщІэфар. Ар зымыщІыхухэм къаухущІэххакъым Мухьэдин хьэрыпыбзэр имыщІэу.

- Дэ дыщогуфІыкІ зэман кІэщІым тетха, мылъку куэди зытемыкІуэда фильмым (тхыдэм теухуа фильмым а тІури пфІахь) Иорданиемки, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Дунейпсо кинофестивалми гулъытэ къызэрыщыхуащІам, - жаІэ фильмым елэжьахэм.

ИСХЬЭКЪ Лианэ.

Адыгэхэмрэ губгъуэрысхэмрэ я тхьэмадэхэр зэІуощІэ.
«Шэрджэс» фильмым и зы теплъэгъуэ.

● Шэрэдж куей

Лъэмыжьр зыхуей хуагъазэ

Шэрэдж куейм хыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуаэмэр Мухол хъблэмэр зэпыщІыпІэ, Шэрэдж псым кІуэщІрыкІ, метр 60 зи кІыхьагъ лъэмыжьр зэрагъэпэщыжащ.

ЛЪЭМЫЖЬР и кІыхьагъкІэ кьаухьащ, гъуэгубгъум къэмыкІуэу псым лъэныкъуэкІэ ирагъэзащ. А Іуэхугъуэхэм ехьэлІа лэжьыгъэхэм текІуэда мылькур республикэ бюджетым къыхэкІащ.

Ремонтыр хъарзынэу зэфІигъэкІащ «Шэрэдж ДРСУ» подряд организацэм. Иджы лъэсырызекІуэхэмрэ автомашинэхэмрэ шынагъуэншэу лъэмыжьр зэпаупщІ хуэунэ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1анІэ псоми.

Ди индексыр 51531

КъБР-м и Президентым и пощт

КъБР-м и Фэеплъ тхылым щIагъуж

**ПщIэ зыхуэсщI Президент! «Курыт еджапIэ №1» муниципальнэ IуэхущIапIэм и къэлыкъуакIуэ гупыр мазэ зыбжанэкIэ Украинэм кьраГъэха спискэмрэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм теухуа нэмыщI сайтым ди зауэлIхэм ящыщу гъэрыпIэм ихуахэм ятеухуауэ итхэмрэ елэжащ. Абы фэкIуахэм укъагъэуIбжь: цIыху 750000-м адыгэрэ балъкъэру 829-рэ яхэтщ, абыхэм я ныхьыбэр нобэм къэхьыбарыпхъу кIуэрэ къальытэу екIуэкIащ. Ди хэкуэгъуу 36-рэ Цайтхайн къалэм и кхъэхэм щIэлъщ. Дэ къэтхутащ Белая Церковь и уIэгъэщым щыIа цIыху 23-м я цIэ-унэцIэхэр. Киев областым и архивым хэлъщ ди хэкуэгъуэхэм я цIэхэр кьыщагъэльэгъуа нэмыщI документу мищхэр. Ахэр, �IэщхьIи щыгъынкIи хуэмышIауэ, 1941 гъэм щыщхьIуи и 22-м ЗыхьумэжыщыгъэмкIэ къэрал комитетым кьыдигъэкIа унафэкIэ зэуапIэм Iуащауэ щыташ. Ахэр псори рядовойщ. ДынолъэIу абыхэм я цIэхэр кьыдэхыжьынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр зэфIэбгъэкIыну. АбыкIэ уэ кьыпщогучъ хэкIуэдахэм я благъэхэмрэ �Iыхьлыхэмрэ, ди школым щеджэхэр.

Гуанэ Лариса,
ШэджэмЕтIуанэ къуажэ.

КъБР-м и Президентым и пщэ зэрырилъхьам ипкъ иткIэ, жэуап кьигъэхьыжащ республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Гертер Иван:**

КъБР-м и Правительствэмрэ УрысеймЩIэныгъэхэмкIэ и академиемкIи КъэбэрдейБалькъэрщIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым КъБР-м и Фэеплъ тхылъыр къыдэгъэкIыжьынымкIэ лэжьакIуэ гупым и зэIуIэ щекIуэкIащ, КъБР-м и Президентым и сайтым мы тхылъыр къэзыгъэхьа Гуанэ Ларисэ кьрихьэлIэу.

КъаIэрыхьа тхыгъэхэм хэплъри, лэжьакIуэ гупым республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ administ- рацэхэм я Iэтащхьэхэм, КъБР-м и республикэ, Налшык къалэ дзэ комиссариатхэм, зауэм, лэжьыгъэм, IэщхьIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм чэнджэщ иратащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу Цайтхайн, Белая Церковь кьалэхэм щыIэу щыщIалъхьажахэм ятеухуа хъыбархэр ягъэтэмэмыну, апхуэдэ спискхэхэм я пэжагъыр зэхагъэкIыу, гъэрыпIэм икIуэда ди цIыхухэр КъБР-м и Фэеплъ тхылъым иратхэн папщIэ, КъБР-м и дзэ комиссариатым зыхуэфащэ спискхэр УФ-м ЗыхьумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и Архив нэхьыщхьэм игъэхьыну.

Миастение центрыр сымаджэхэр пщIэнпIэу здагъакIуэ IуэхущIапIэхэм яхэткъым

ПщIэ зыхуэсщI Президент! Сэ ныкьуэдыкьуэу кьальхуахэм сащыщ. 1988 гъэльаи дзэр си узынщагъэм щыкIэльыдзогъэпль Москва дэт Миастение центрым. Иджы сэ абы аргуэру сыкIуэн хуейщ, ауэ абы папщIэ ахьинэ Социальнэ страхованэмкIэ фондым кьыщызатыи ядакъым. Абы и щхьэхэсыгъэр сыт, сэ схуагъэуви льготхэм ящкъ иткIэ, зызгъэхъужьи папщIэ ильэсым зэ зыхуэфащэ медицинэ IуэхущIапIэр здэщыIэ щIыпIэм сыкIуэу сыкъыззрыкIуэжьи гъуэгупщIэ кьызатын хуейуэ щыхэткI?

Мыд Д., *Налшык къалэ.*

Жэуап кърет УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащI **Бечелов Ильяс:**

«2010 гъэм, апхуэдэу 2011 - 2012 гъэхэм нэсыху УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и бюджетым и IуэхущIапIэр здэщыIэ щIыпIэм сыкIуэу сыкъыззрыкIуэжьи гъуэгупщIэ кьызатын хуейуэ щыхэткI?

Мыд Д., *Налшык къалэ.*

Жэуап кърет УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащI **Бечелов Ильяс:**

«2010 гъэм, апхуэдэу 2011 - 2012 гъэхэм нэсыху УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и бюджетым и IуэхущIапIэр здэщыIэ щIыпIэм сыкIуэу сыкъыззрыкIуэжьи гъуэгупщIэ кьызатын хуейуэ щыхэткI? Федеральнэ законым ипкъ иткIэ УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым федеральнэ бюджетым и хьэжькIэ социальнэ IуэхутхьэбзэщIкIэу гъуэгупщIэхэр ярет «Къэрал социальнэ дэIепыкъуныгъэм и IуэхущIапIэхэм, федеральнэ IуэхущIапIэхэхэм зыщыгъэжьагъэ зэIуIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэ тхэм и Унафэщым и къуэдзэ Гер тер Иван, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министр Тюбеев Альберт, Про хладнэ кьалэ арминистрацэм и Iэтащхьэ Пархоменко Юлие.

ЦЕНТРЫМ и унафэщI Сасыкъ Надеждэ хьэщIэхэм яритащ тхылъымпIэм кьыхабэыкIа удз гъэтаухэм я тхьэмпэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми тетхащ центрыр зыкIэлъыплъхэм я лъэIуэхэр: ныкьуэдыкьуэхэм Iэнатlэ увыныжкIэ щIэгъэкьуэн яхуэхъуныр, дэтхэнэ Iуэхущ Iапl эми пандусхэр хуащIыныр, зи Iэпкълъэпкъхэр кьызыдэмыбэ щIыхуэхэм я Iэдакъэщ Iэ кIэхэр ягъэлъагъуэну икIи ящ ыну Iэмал иратыныр.

Гертер Иван кьигъэгугъащ лъэIу псоми кьанэ щымыIэу хэплъэну, аэрри хуащIэну.

КЦСОН-м и унафэщым и къуэдзэ Ворон Иринэ фIыщIэ яхуищIащ центрым зэпымыуэу я мылькукIэ зыкьыщIэзыгъакъуэхэм - унагъуэхэм кьыщагъэсэбэп хьэпшыпхэмкIэ республикэ баззм и Iэтащхьэ Дэш Владимир, «Зэныбжьзэгъуз» ТРК ООО-м и унафэщI Хьутат Хьэсэн, «Велес-Агро»-р кьызэIуэыха Башорэ зэкъуэшхэм, Iэхъуэбэч Алий.

Центрыр и нэIэ зытетхэм яхуэунсащ ерыскьыхэкIэмкIэ. Кьызэхуэсахэр ирагъэплъащ концерт.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Гулъытэ

Гъащ Iэм и кууупIэм хэшэн

Ди республикэм щокIуэкI ныкьуэдыкьуэхэм ядэIепыкъуным теухуа мазэ зыужьащ Прохладнэ кьалэм ЩIэнхабзэмкIэ и унэм и цIыхуэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныгъэкIэ центрым (КЦСОН) и дзжьакIуэхэм зыщыгъэгъагъэпэща зэIуIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэ тхэм и Унафэщым и къуэдзэ Гер тер Иван, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министр Тюбеев Альберт, Про хладнэ кьалэ арминистрацэм и Iэтащхьэ Пархоменко Юлие.

ЦЕНТРым и унафэщI Сасыкъ Надеждэ хьэщIэхэм яритащ тхылъымпIэм кьыхабэыкIа удз гъэтаухэм я тхьэмпэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми тетхащ центрыр зыкIэлъыплъхэм я лъэIуэхэр: ныкьуэдыкьуэхэм Iэнатlэ увыныжкIэ щIэгъэкьуэн яхуэхъуныр, дэтхэнэ Iуэхущ Iапl эми пандусхэр хуащIыныр, зи Iэпкълъэпкъхэр кьызыдэмыбэ щIыхуэхэм я Iэдакъэщ щIэкIэхэр ягъэлъагъуэну икIи ящ ыну Iэмал иратыныр.

Гертер Иван кьигъэгугъащ лъэIу псоми кьанэ щымыIэу хэплъэну, аэрри хуащIэну.

КЦСОН-м и унафэщым и къуэдзэ Ворон Иринэ фIыщIэ яхуищIащ центрым зэпымыуэу я мылькукIэ зыкьыщIэзыгъакъуэхэм - унагъуэхэм кьыщагъэсэбэп хьэпшыпхэмкIэ республикэ баззм и Iэтащхьэ Дэш Владимир, «Зэныбжьзэгъуз» ТРК ООО-м и унафэщI Хьутат Хьэсэн, «Велес-Агро»-р кьызэIуэыха Башорэ зэкъуэшхэм, Iэхъуэбэч Алий.

Центрыр и нэIэ зытетхэм яхуэунсащ ерыскьыхэкIэмкIэ. Кьызэхуэсахэр ирагъэплъащ концерт.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

КъБР-м и Президентым и пощт

Миастение центрыр сымаджэхэр пщIэнпIэу здагъакIуэ IуэхущIапIэхэм яхэткъым

ПщIэ зыхуэсщI Президент! Сэ ныкьуэдыкьуэу кьальхуахэм сащыщ. 1988 гъэльаи дзэр си узынщагъэм щыкIэльыдзогъэпль Москва дэт Миастение центрым. Иджы сэ абы аргуэру сыкIуэн хуейщ, ауэ абы папщIэ ахьинэ Социальнэ страхованэмкIэ фондым кьыщызатыи ядакъым. Абы и щхьэхэсыгъэр сыт, сэ схуагъэуви льготхэм ящкъ иткIэ, зызгъэхъужьи папщIэ ильэсым зэ зыхуэфащэ медицинэ IуэхущIапIэр здэщыIэ щIыпIэм сыкIуэу сыкъыззрыкIуэжьи гъуэгупщIэ кьызатын хуейуэ щыхэткI?

Мыд Д., *Налшык къалэ.*

Жэуап кърет УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащI **Бечелов Ильяс:**

«2010 гъэм, апхуэдэу 2011 - 2012 гъэхэм нэсыху УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и бюджетым и IуэхущIапIэр здэщыIэ щIыпIэм сыкIуэу сыкъыззрыкIуэжьи гъуэгупщIэ кьызатын хуейуэ щыхэткI? Федеральнэ законым ипкъ иткIэ УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым федеральнэ бюджетым и хьэжькIэ социальнэ IуэхутхьэбзэщIкIэу гъуэгупщIэхэр ярет «Къэрал социальнэ дэIепыкъуныгъэм и IуэхущIапIэхэм, федеральнэ IуэхущIапIэхэхэм зыщыгъэжьагъэ зэIуIэр. Абы трагъэкIуадэ федеральнэ бюджетым апхуэдэ мурадхэм папщIэ кьиутIыпщ бюджет зэхуакъ трансфертхэр.

ПщIэнпIэу зэрызекIуэну талонхэр Социальнэ страхованэмкIэ щIыналъэ къудамэм зритыр УФ-м Узынщагъэр зУмэжьнымкIэ и министерствэм и унафэм щIэт федеральнэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я спискэу УФ-м и Правительствэм 2008 гъэм фокIадэм и 10-м кьыдигъэкIа унафэ №1300-мкIэ кьищтам, Федеральнэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я спискэу «Федеральнэ бюджетым и бюджет ахьшэкIэ технологиехэм я Iатэм тет медицинэ дэIепыкъуныгъэ 2010 гъэм УФ-м и цIыхуэхэм етынымкIэ къэрал заданэр зэрызэхагъэувэ икIи къызэращтэ щIыкIэм и IуэхукIэ» УФ-м Узынщагъэр хьумэнымрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министерствэм кьыдигъэкIа приказымкIэ кьищтам хиубыдэ IуэхущIапIэхэм кIуэхэрщ. Мы тхыгъэр къызыбгъэдэкIам зигъэхьужьи папщIэ гъуэгупщIэ щIрамытам и щхьэусыгъуэр ар здэкIуэн хуейуэ КъБР-м Узынщагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм и тхылъым кьыщыгъэльэгъуа медицинэ IуэхущIапIэр ищхьэкIэ зи гугъу тщIа спискэхэм зэрыхэмытырщ.

«Лэгъупыкъур» щIадзэжауэ ягъэплъ

ПщIэ зыхуэтщI Президент! «Лэгъупыкъу» республикэ сабий социальнэ-реабилитацэ центрым и дзжьакIуэхэр тогуэзвыхь мы IуэхущIапIэр къыздрамыгъэпльым. Ар зыщыщIауэ щыта котельнэр зэхуащIыжащ КъБР-м и Гидрогеологие станцым ейти, абы щIыгъуу. Иджы сабий социально-реабилитацэ центрыр зэхуамышIу хьуркъым, ар 2010 - 2011 гъэхэм я щIымахуэ лъэхъэнэм зэхуэмыхьзырым кьыхэжIыу.

«Лэгъупыкъу» центрым и лэжьакIуэхэр,
Налшык къалэ.

КъБР-м и Президентым и пщэ зэрырилъхьам тету, жэуап къретыж КъБР-м и лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министр **Тюбеев Альберт:**

«Лэгъупыкъу» республикэ сабий социально-реабилитацэ центрымрэ КъБР-м и Гидрогеологие станцымрэ зэрыщыIлауэ щыта зэгурыIуэныгъэм къару иIэжкъым, а станцыр зэрызэхуащIыжам икIи абы унэр игъэплъыну, псы хуабэкIэ кьызэригъэпэщыну Iэмал зэримыIэжым кьыхэкIыу. Араш КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министерствэм кьыдигъэкIа унафэмкIэ, котельнэр щхьэхуэ щIын яухыну, «Лэгъупыкъу» центрым и лжьыгъэр кьыщIызэтрагъэувыIар.

2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м ирихьэлIэу IуэхущIапIэм и котельнэм зыхуэфащэ оборудованэр щагъэуври, абы и лэжьыгъэр зэтраухуащ. Центрым 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м лэжьэн щIидзэжащ икIи зи узынщагъэм кIэльыплъын хуей сабий 500 а махуэ дыдэм кьищтащ.

ХьэтIохъущокъуэ Исмел

Анзор Мудар

Хьэгъундокъуэ Едыдж

Мэгъурокъуэ Пщыкъуий


Уэлэгъуей Сергей

Крым-Джэрий СулътIан

Лъэпкъ лIыхъужьхэм я цIэ-унэцIэхэр дыщэпскIэ иратхащ Кремлым дэт сэрейм и бжаблэм

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

1781 - 1791 гъэхэм екIуэкIа урысырку зауэм къыхэжаныкIащ адыгэ минитху лыхэта къэбэрдей шуудзэр, Бэджыдэ (Горич) зэкъуэшхэм я зыр я пашэу. Бэджыдэ зэшитIым абы щыгъуэ кьратауэ щытащ Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр (тIури адыгэщ, генералщ). А зауэм хэтащ подполковник (иужькIэ полковник хъуащ) **ХьэтIохъущокъуэ Исмел Темыркъуэ и къуэр.** Урысейм ис мусылъмэнхэм ящыщу Георгий орденыр ятэ дыдэ эратар ХьэтIохъущокъуэ Исмелиу - Дунай псыр хым щыхэхуэм деж тета Измаил тырку быдапIэр кьыщащтэм щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ.

1812 гъэм Наполеон и дзэр Урысейм къытеуащ. Абы щезаузэм лIыгъэ зэрахьащ адыгэ офицер зыбжанэм. Генерал Платовым и дзэм хэтащ къэбэрдей уэркъ хахуэ Бэджыдэр, Кърымым щыпсэу адыгэпщхэр - Бэлэтокъуэмрэ Хъункъалэмрэ. Наполеон Урысейм кьрищIыIа зауэм къыхэжаныкIащ подполковник **Бэджыдэ Адыдджэрий** (1779 - 1883), абы кьыхуагъэфащауэ щытащ Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр. ИужькIэ ар генерал-майор хъуащ. Кърымым щыпсэуа адыгэпщ **Бэлэтокъуэ Кьайтбей** кьратащ а орденыр. Ари генерал-майор хъуауэ щытащ. Кьайтбей и адэщхуэм и адэр 1709 гъэм Кърымым Iэпхъуауэ щытащ, хъан Къаплъэн-Джэрий деж къулыкъу щищIащ - финансхэмкIэ уэзиру (министру). Кърымыр Урысейм Iэрыхьа нэужь, Бэлэтокъуэ Кьайтбей къулыкъущхуэ кьратащ, генерал-майор хъуащ. АраУэ хуагъэфащэ «Бахъшысэрей фонтаным» и сюжетыр Пушкиным хуэзыIуэтар.

ИлъэсищэкIэ екIуэкIа Кавказ зауэм хэтащ полковник **Бековичч-Черкасский Федор (Темырболэт).** Ари генерал хъуауэ щытащ, Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр кьратащ.

1877 - 1878 гъэхэм, Урысеймрэ Тыркумрэ щызэзауэм щыгъуэ, Къэбэрдеймии Шэрджэсми къыщызэрагъэпэщащ адыгэ шуудзэхэр. Зауэм къыхэжаныкIа адыгэ офицер зыбжанэм кьратащ Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр - подполковник **Алътудокъуэ Тепсэрыкъуэ Хъамырзэ и къуэм** (1830 - 1904); тIури генерал хъуащ. Георгий орденыр кърата нэужь, Алътудокъуэ Тепсэрыкъуэрэ Шыпш Темыркъанрэ я пщIэр лъагэ хъуащ, тIури урысей уэркъ лIакъуэм хатхащ. Зауэм щыэзэрахьа лIыгъэм папщIэ Алътудокъуэ Тепсэрыкъуэм Шыпш Темыркъани кьратыгащ «Хахуагъэм папщIэ», псалъэр зытетха Дыщэ эшхуэ - ар Георгий орденым палъытауэ щытащ 1913 гъэм.

Урыс-япон зауэми кьыхэжаныкIащ адыгэ шу хахуэхэр. 1907 гъэм Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр кьратащ **Хьэгъундокъуэ Едыдж** (1871 - 1958); 1915 гъэм ар генерал-майор хъуащ, хэкум икIа нэужь, Франджым щыпсэуащ, абы щылIащ. Орден лъапIэр кьратащ Тэрч-Псыжь шуудзэм хэта адыгэ шууейхэм я Iэтащхьэ **Анзор Мудар Къейсын и къуэм** (1883 - 1927). 1919 гъэм ар генерал-майор хъуащ, хэкум икIа нэужь, Сирием щыпсэуащ, абы щылIащ.

Хьэгъундокъуэ Едыджи Анзор Мудари «ХахуагъэмпапщIэ» псалъэр зытет Дыщэ сэшхуэ кьратауэ щытащ.

Япэрей дунейпсо зауэм лIыгъэ щызэрахьащ Къэбэрдейми Псыжь адрыщIи щыщу щхуэ хахуэ куэдым. Подполковник **Дыхэкъ Мурадзэрий** (1873 - 1920) 1915 гъэм Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр, 1917 гъэм Георгий сэшхуэр кьратащ. 1918 гъэм абы генерал-майор цIэр кьыфIащащ, Баку и генерал-губернатор хъуауэ большевикэм 1920 гъэм яукIащ.

Пщы полковник **Бекович-Черкасский Федор (Жанхъуэт и къуэ Тембот)** (1870 - 1953) 1916 гъэм кьратащ Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр. Генерал-майор хъуауэ хэкум икIри, Франджым щыпсэуащ, абы щылIащ. Апхуэдэ орден 1916 гъэм кьратащ офицер хахуэ **Уэлэгъей Сергей.** 1919 гъэм ар генерал-лейтенант хъуащ.

Орден лъапIэр кьратын хуейуэ ягъэльэгъуауэ щытащ нэгъуэщI адыгэ зауэлI куэди. Абыхэм ящыщ **Бековичч-Черкасский Темырболэт, Крым-Джэрий СулътIан, СулътIан-Джэрий Кьыпышь, Дауткъуэ Заурбэчсымэ,** нэгъуэщIхэри.

«Хахуагъэм папщIэ» псалъэр зытет Дыщэ сэшхуэ зрата адыгэхэм я бжыгъэр пщыкIутху нэхъ нэхъ мащIэ хъуркъым.

Дыщэ сэшхуэ кьыхуагъэфащащ генерал-майор **Хъункъалэ Ахъмэт-бей,** генерал-майор **Бековичч-Черкасский Темырболэт,** генерал-майор **Мэгъурокъуэ ПщыкIий,** генерал-майор **Анзор Къейсын,** генерал-майор **Абдрэхьмэн ФIыцIэ,** генерал-лейтенант **Шыпш Темыркъан,** генерал-майор **Алътудокъуэ Тепсэрыкъуэ,** полковникхэу **Бэлэтокъуэ Адэлбий, Гусар Беслъэн, Мэгъурокъуэ Урысбий, СулътIан Сыхьатджэрий** (Джэрий и кьуэпщ), подполковник **Гъубжьокъуэ Варлам** (Мэздэгу щыщ), нэгъуэщIхэми.

ГЕОРГИИ орденым кIэлъэкIуэ Георгий жорыр; 1856 гъэм абы нагъыщипIи иIэ хъуащ. Япэрей дунейпсо зауэм хэта къэбэрдей шуудзэм щыщ шууей 429-м кьратащ Георгий жорыр. Псыжь адыгэхэм щыщ куэдми яхуэупсащ а тыгъэ лъапIэмкIэ.

Георгий жорым и нагъыщипIри кьратащ **Анзор Щыпмахуэ, Астемыр Дохъущыкъуэ, Ахъуэхъу Кущбий, Бжэдыгъу ГIыгIэ, Джэтау Уэлий, Джарым Мусэ, Дыкъуэ Хьэзешэ, Инарокъуэ Алий, Къэблэхь Жэмалбий, Къуэгъулъкъуэ Мысост, ПащIэшхуэ Уважкъуэ, СулътIан Бейзэт, Тамбий Исмел, Тхьэзэплъ Исмэхьил, Хьэмыкъуэ Зэчрей, ХьэпщIэ Берд, Щхьэлахъуэ Рэмэзан, Бицу Ахьмэдсымэ.**

Зи гугъу тщIы тыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфащэ дэтхэнэри лIыхъужьщ. Уи жагъуэ хуэр абыхэм зэрахьа лIыгъэм нобэрей щIэблэр зэрыщымыгъуазэрщ. НэгъуэщIу а лIыхъужьхэм яхуэфащэр - къалъысыжьи хуейщ ди лъэпкъ тхыдэм и жьантIэр.

Георгий орден зратауэ щыта лIыхъужьхэм я цIэ-унэцIэхэр дыщэпскIэ иратхащ Кремлым дэт сэрейм и бжаблэм. Ахэр къыщалъхуа хэкум иджыри къэс хабзэ щыхъуакъым ар - ди лъэпкъым кьыхэкIа лIыхъужь хахуэхэм яхуэфащэ щIэрэ щIыхьрэ яхуэщIыныр. ЩIэблэр щыгъуэзэн хуейщ абыхэм зэрахьа лIыгъэм я лIыгъэр ящ ыгъуэ, - ар лIыгъэр щапхъэрэ гъуазэрэ яхуэхъун щхьэкIэ.

КЪЭЗАКЪ Асльан,
тхьдэ щIэныгъэхэм я кандидат.

Куэдым ущагъэгъуазэ

● Гъуазджэ

Къэбэрдей-Балькъэрым иджы етIу анэу щокIуэкI «Германием и махуэхэр» зыфIаща фестивалыр. Зэхьыхэр кьыщыIэзрагъэпэщар иджырей Германием и псэукIэм, цIыхухэм я дуней тетыкIэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, экономикэм иIэ щытыкIэм ди республикэм щыпсэуахэр щагъэгъуэзэн мурадкIэщ.

АР КЪЫЗЭIУАХАЩI нэмыцэ сурэтыщI щIэрыIуэ Браде Николаус и лжьыгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэкIэ. Сурэтыщ I ящ ыгъуэ, Браде щIэныгъэхэм я тхьэмпэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми тетхащ центрыр зыкIэлъыплъхэм я лъэIуэхэр: ныкьуэдыкьуэхэм Iэнатlэ увыныжкIэ щIэгъэкьуэн яхуэхъуныр, дэтхэнэ Iуэхущ Iапl эми пандусхэр хуащIыныр, зи Iэпкълъэпкъхэр кьызыдэмыбэ щIыхуэхэм я Iэдакъэщ щIэкIэхэр ягъэлъагъуэну икIи ящ ыну Iэмал иратыныр.

Гертер Иван кьигъэгугъащ лъэIу псоми кьанэ щымыIэу хэплъэну, аэрри хуащIэну.

КЦСОН-м и унафэщым и къуэдзэ Ворон Иринэ фIыщIэ яхуищIащ центрым зэпымыуэу я мылькукIэ зыкьыщIэзыгъакъуэхэм - унагъуэхэм кьыщагъэсэбэп хьэпшыпхэмкIэ республикэ баззм и Iэтащхьэ Дэш Владимир, «Зэныбжьзэгъуз» ТРК ООО-м и унафэщI Хьутат Хьэсэн, «Велес-Агро»-р кьызэIуэыха Башорэ зэкъуэшхэм, Iэхъуэбэч Алий.

Центрыр и нэIэ зытетхэм яхуэунсащ ерыскьыхэкIэмкIэ. Кьызэхуэсахэр ирагъэплъащ концерт.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЕкIуэкIащ Iэпхъуакъыр, абы щыпIэр зыхуэщIэ тхъэмыщIкIагъэр. Арат сурэттехьэхэм щыпсэуахэм захригъэщIэну зыхуеяри, ар кьехъулIау я зэкIэлъыгъэ хьунущ.

Гъэлъэгъуэныгъэм кьыхьэлIат КъБР-м и Президентым и чэнджэщзэгъу Умаевэ Iэминат, сурэтыщIхэр, студентхэр, гъуазджэм дихьэххэр.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ мэзейм и унафэщI Жантудуевэ Елизаветэ. Абы кьызэхуэсахэм хьэщIэр яригъэцIыхуащ, ар сурэттхэм кьудейм кьыщымынэу, сурэтыщI Iэ эу эрыщытыр, Браде ди щIыналъэм кьыщащIыхумэ, и лэжьыгъэхэм щыгъуаэз защIмэ зэригуапэр кьызыригъэщащ.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ зрата КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат жиIащ Германием и щэнхабзэр нэхъ зызыужьахэм зэращыщыр. «Гъащ Iэм псынщIэу зеужь, куэдым захъуэжь икIи блэкIа зэманыр нэсу, Iупщ Iу къэзыгъэльэгъуэкьыфыр сурэттехьм и лэжьыгъэхэрщ. Ди гуапэщ фыкьызэрытхуеблэгъар, ди республикэри абы и кьалащхьэ Налшыки фигу ирихьыну дыщогугъ», - жиIащ абы.

Унафэщ I Iэнатlэхэм щылIжьынухэр зыгъэхьэзыр Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь Щоджэн Заирэт тепсэлыхьащ фестивалым кьызэщIиубыдэ Iуэхуэм, урысей-германие зэпыщIэныгъэхэм. Сурэтыщым и лэжьыгъэхэм уэзрихьэхыр, ахэр куэдым уеблэгъэгупсысу зэрыщытыр кьыхирихьащ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгурыIуэныгъэм и правлениэм тхьэмадэ Темыркъан Геннадий кьызэгъэпэщакIуэхэм фыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ сурэтхэм кьищымрэ дэ дыщыпсэу щыIэмрэ куэдкIэ зэрызэщхьыр. Абы кьыхигъащащ мыпхуэдэ зэщхьэ лъэпкъ зэныбжьэгъуныр зэрагъэбыдэр, гъуазджэр, щэнхабзэр ефIэкIуэн папщIэ мыхьэнэшхуэ зэрагъэ. Абы и псалъэхэр диныгъыу зэIущIэм кьыщыпсэльащ фестивалыр кьызэгъэпэщыныр зи жэрдэмхэм ящыщ, Германием и Посольствэу Москва щыIэм и грантыр къэзыхьа, КъБР-м и Президентым кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ и программэм хэта Щад Залинэ.

Браде Николаус кьыщыпсальэм фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэм жэрдэмхэм ящыщ, Германием и Посольствэу Москва щыIэм и грантыр къэзыхьа, КъБР-м и Президентым кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ и программэм хэта Щад Залинэ.

- Дауи, псоми гу лъыфIтауэ кьыщIэкIынщ ди псэукIэхэр кьэдкIэ зэрызэтехуэм. Сэ си фIэщ хьуртэкъым зэгуэр Кавказым сыкьэкIуэнуи си лэжьыгъэ мыбы щызгъэльэгъуэнуи. Ар си дежкIэ екъуIэныгъэшхуэщ. ФфIэгъэщIэгъуэну си IэдакъэщкIхэм фызэрытепсэльыхьар сэри си щхьэгъусэми ди гуапэ хьуащ, фыпсэу, - жиIащ абы.

БАЦЭ ФатIимэ.

● Къулыкъу

Бжьыхьэ дэкIыгъуэ

Дыгъэгъазэм и 3-м КъБР-м и Дзэ комиссариатым щекIуэкIащ «СтIол хьурей» зэIущIэ. Абы кьекIуэлIат республикэм и куейхэм я дзэ комиссариатхэм я унафэщIхэр, ведомствэ зэмылIужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, журналистхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и дзэ комиссар Харламов Евгений кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ нобэрей зэхуэсыр зыхэплъну Iуэхугъуэхэм. ЩIалэгъуалэм я хэкур фIыуэ яIпатгъуу, пщIэ хуащIу гъэсэным, дзэм кьулыкъу щрахьэжьынымкIэ я1э гукъыдэжыр къэIэтыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. АтIэ сыт щалэжьрэ ди жылагъуэм апхуэдэ Iуэхум теухуауэ?

А ущIэм игъэпIейтейхэм ящыщт дзэ комиссаритым Бахьсэн, Дзэлыкъуэ куеитIми я унафэщI Багъ МуIэд. «КъаIэта Iуэхум дрогуэавэ, - жиIащ абы. Сэ си гугъэщ курыт еджапIэхэр къэзыуэ щIалэхэм ядэлэжьэн хуейуэ. Абыхэм ущиекIэ зыхуагъэзапхъэщIВ етеранхэм я советым хэтхэм, Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм».

Дзэм кьулыкъу хуащIэн хуейуэ нобэкIэ ямыгъуэтыж щIалэхэм я бжыгъэр 2.900-м щхьэдэхащ. НыбжьыщIэхэм я армэ дэкIыгъуэм ирихьэлIэу зэгъуэщI щIыпIэхэм мэпэхьэ, еджапIэ е лэжьапIэ кьалъыхьэм щхьэусыгъуэ щIри. Абы хуэзэзат КъБР-м къэралкIэщI IуэхуэхэмкIэ щIыпIэ министерствэм и ОДУМ-м и унафэщI Шорэ Алик кьигъэува упщIэри. «Апхуэдэ щIалэхэр къэгъуэтыжьынымкIэ, щалъхуа щIыпIэм къешэлIэжьынымкIэ щIыпIэ хэкIыпIэхэр сыт хуэдэ?» - щIэупщIащ Шорэр. «Абыхэм ятеткъуэгу къэтшэжьну Конституцэкъэдыхуиткъым», - жэуап кьатыжащ дзэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэм. «АтIэ сыт щIэн хуейр?»

«КъэтIэта Iуэхугъуэ псори нобэ тхуэзэпкъымыхми, дегугъун хуейщ бжьыхьэ армэ дэкIыгъуэр тэмэму зэрызэфIэдгъэкIыным», - жиIащ КъБР-м и Дзэ комиссариатым и Налшык къалэ кьудамэм и унафэщI Соблир Мухьсин. НэгъуэщI Iуэхущ Iапl эхэм кьикIа хьэщIэхэм зэIущIэм жьдэжру зэрыхэтамкIэ фIыщIэ яхуищIри, республикэм и куейхэм я дзэ комиссариатхэр абы кьыхуриджащ а Iуэхум сужьрэкIыну.

КЪУМАХУЭ Асльан.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

ПлІым и пІэкІэ блы

Къэрал Думэм зэхихыну хуейщ хэхыныгъэхэм щытемыкІуа партхэм я псалъэ.

● Парламент

ПЩЭДЕЙ, дыгъэгъазэм и 10-м, Къэрал Думэм щІэс партхэр щыкІэ нэхъыбэ хъунущ. Ахэр къарагъблагъэ, лэжьыгъэмкІэ щыІэн хуей зэгурыІуэныгъэхэм зэгъусэу тепсэлъыхьын папщІэ.

Гъэмахуэ блэкІам хабзэу ягъэуващ илъэсым зэ нэхърэ мынэхъ мащІэу Парламентым кърагъблэгъэн хуейуэ хэхыныгъэхэм пхымыкІа партхэр.

- Дэ япэ дыдэу едгъэкІуэкІыну араща мыпхуэдэ зэІущІэ, - жеІэ Къэрал Думэм и Унафэщі Грызлов Борис. - Абы къанэ щымыІэуи зыхуэдгъэхьэзыращ. Парламентым хэт, абы хэмыхьэфа партхэм я лІыкІуэхэр къэпсэлъэн папщІэ яхуэхэтха зэманыр зэщхьэщыкІыркъым - дакъикъипщІым къриубыдэу псоми жаІэн хуейщ дызытепсэльыхьыну Іуэхум зэрелъыр.

«Яблокэ» партым и унафэщІ Митрохин Сергей зэрыжиІамкІэ, Къэрал Думэм и къэпсэльапІэр абыхэм къагъэсэбэпынущ я Іуэху епльыкІэр утыкум кърахьэфын папщІэ.

Мы зэм зытепсэльыхьынур зэдауэ куэд къэзышэнкІэ хъуну Іуэхуитуэхэщ: пенсэм щыкІуэ ныбжьым хэгъэхъуэным, тхьэмахуэм къриубыдэу дызэрилажьэр сыхьэт 60-м нэгъэсым (иджырей сыхьэт 40-м и пІэкІэ) теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмхэрщ.

АЛЕКСЕЕВЭ Наталие.
«Известия».

● Къаугъэ

Европэм и гъуджэр

ЕВРОПАРЛАМЕНТым дунейпсо Іуэхуэмкіэ и Комитетым зэхъэжькІыныгъэхэр хилъхьащ щыхум нІэн хуей хунтыныгъэм теухуауэ лъапсэ къэс ищІ докладым. Къапщтэмэ, европей хабзэхъумэхэм къыхалъхьащ ЕС-м хэт къэралхэм урысей къУлыкъущІэ 60 ирамыгъэхъэну, абыхэм нэгъуэщІ къэралхэм щаІэ мыльку къытрахыну. Абы и щхьэусыгъуэу къаГъэлъагъуэр Москва и следственнэ изолятором юрист Магнитский Сергей зэрилъхьам мы псоми я ягъэ зэрыхэлъырщ. Магнитскэр хьэпсым ирадзэныр къыщыхэкІар, ди хабзэхъумэхэм зэрыгъэлъэнкІэ, ар хамэ къэралым щыщ компанием урысейм щылажьэм налог имытынымкІэ зэрыдзэпкъыкурт. Урысейм и МИД-м жиІащ Европарламентыр зэрыхунмытыр нэгъуэщІ къэралым и Іуэхуэхэм хэІэбэну, судым трикъуэзэну.

Мы мазэм Европарламентым Іэ щаІэтынущ урысей къэрал къУлыкъущІэ 60-м ятеухуауэ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэнумэ, абыхэм я нэзщІэхэр зыгъэбелджылар американ сенатор Кардин Бенджаминщ. КъаІэта Іуэхум унафэ тращІыхьмэ, Урысеймэ ищІэну и мурадыр сыт? А упщІэмкІэ зыхуэдгъэзащ Къэрал Думэм и депутат, «Захъагъэ здэщыІэ Урысей» партым и унафэщІхэм ящыщ Михеев Олег.

- Дауэ къыпщыхъуа Европей парламентым и унафэр?

- Абы аргуэру къигъэлъэгъуащ Іуэху зэщхьхэм зэхуэмыдэу пэджжыкІэ зэрыхъунур. Дэ псори десэжащ Евросоюзым и лэжьэкІэм: ахэр зэкъуоувэ, ягу къыдэмыхьэ къэралым пэщІэувэн хуей щыхьукІэ.

- Политик 60 къагъэлъагъуащ, ахэр щхьэ 50 е 80 ныхъурэ?

- Ар къыбгурыІуэну гугъущ. Магнитский щылІа къаІэм дэс псорн нэгъэущ къэралхэм кІуэну хуиныгъ щІафэ къэпхьыным къыззэрыкІэрыху щыІэкъым «мы жэрдэмыр». СызэреплъымкІэ, къызэрытхущытым хуэдабзэу даззэрыхуущытынур ягурыдгъэбУэн хуейщ хамэ къэралхэм я политикхэм. Ди партым и унафэщІ Миронов Сергей жиІагъэххэщ мы Іуэхум дызэреплъыр. Евросоюзым хэт къэралхэм я правительствхэр Европарламентым къыхилъхьам арэзы техьуэмэ, «гъуджэм и Іэмалхэр» къэгъэсэбэпын хуейщ. Абы къикІращи, Европарламентым и гъуджэм къыщ ди къулыкъущІэхэм хуэдизым дэрт Урысейм и бжэр яхуэзжэущІыпхъэщ.

- Уэ къэпльытэрэ ди политикхэр абы тегушхуэну?

- Си гугъэкъым зыщІаущкъун щхьэусыгъуэ щыІэу.

«Литературная газета».

● Испание

И бжэр кьытхузэІуех

Испаниеи промышленностымкІэ, туризмэмрэ сатумкІэ и министр Мигель Себастьян Гаскон жиІащ Урысеймрэ ЕС-мрэ визэншэу зэкІэлъыкІуэныи зэрителъхьэр. Мы къэралыр арэзыщ Урысей ВТО-м хагъэхьэн зэрыхуеймкІи. А псом унафэ щигъуэтынум пэмыпльэу, Исраиеи егъэбелджылы аби зэрыр ди къэралымрэ зэдащІэфыну Іуэхуэхэр.

- ДЭ ДРИТЕЛЬХЬЭЩ Урысейр европэпсо экономикэ Іуэхуэхэм нэхъ жыджэру хэтыным, - жеІэ министрым. - Абы Урысеймэ европей къэралхэми я фейдэ хэльщи, деужьэрэкІми хьунущ.

Визэ щымыІгъэІэным и Іуэху пыхъыкІауэ зезыхуэ Мигель Себастьян къелъытэ, мы гъэм елъытауэ щыху мин 600-кІэ нэхьыбэ 2011 гъэм Урысеймэ щыщу Испанием зыщагъэпсэхуну. Абы хуэщхьэпэнущ илъэс ныкъуэ и пІальэу визэ нэхьыбэ Испанием ди щыхухэм къаритт зэрыхьуэр. Ауэ министрым къыхигъэщащ визэ щымыІэхэнэм Испанием и закъуэ унафэ зэрытримыщІыхьыфынур. Ар Евросоюзым хэт къэралхэм я унафэу щытын хуейщ.

Урысейр ВТО-м хыхьэным Мадрид зэпымыву и телъхьэу зэрыщытар, ноби абы зэрытемыкІар жиІащ Мигель Себастьян. «Дэ дыщогугъ дыгъэгъазэм и 7-м Брюссель щекІу экІыну Урысей - ЕС зэІущІэм абы теухуа унафэ къыщацтэну», - жиІащ министрым.

КИЕНИЕ Наталие.
«Известия».

ЗыхэпщІэу ядоІэпыкъу

Сабий нэхъыбэ къалъхуным хамэ къэралхэм дауэ зэрыщытрагъэгушхуэр?

● Щапхъэ

Европэм и къэрал псоми зэхуэдэу гулъытэ щыхуащІыркъым я щІыхь бжыгъэм хагъэхъуэным.

УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам Іуэхугъуэ зыбжанэ щигъэбелджылаш зэщхьэусыхэм ещанэ, абы къыкІэлъыкІуэ сабий яІэ хъумэ, къэралым зэрызащІигъэкъуэну щыкІэм теухуауэ.

«РГ»-м и корреспондентхэм зыщагъэгъуэзащ я щІыхь бжыгъэм хагъэхъуэн папщІэ нэгъуэщІ къэралхэм къыщагъэсэбэп Іэмалхэм.

Франджы

Европэм щыщу сабий нэхъыбэ къыщалъхур Франджыращ. Абы и щхьэусыгъуэрн нэрылъагъу дыдэщ: мы къэралым гулъытэшхуэ щыхуащІ сабий зыгъуэтыну анэм, бынунагъуэшхуэм. Псалъэм папщІэ, ебланэ мазэм нэсауэ уэндэгъу бзылъхугъэм зэ тыгъуэу еврэ 850-рэ ират. Сабийр дунеим кьызэрытехьэрэ тхьэмахуэ 16 ирикъуэ нэхъ, анэр лэжьапІэм дэмыкІыжьынумэ, абы и ІэнатІэрн хуахъумэнущ, и быныр илъэсищ ирикъухкІэ еврэ 400-450-рэ иратынущ.

ЕтІуанэ сабий унагъуэм кьихъуамэ, мыпхуэдэ Іуэхуэхэм телажьэ къэрал фондхэм анэм мазэ къэс ират еврэ 124-рэ. А бжыгъэр еврэ 283-м нос зэщхьэгъуэсхэм сабинщ яІэмэ, плым - еврэ 441,5-рэ. Нэхъыбжэ зиІэхэм иджыри еврэ 159-рэ мазэ къэс хущІагъу.

Абы къыщынэмыщІауэ, илъэс 11 - 16 ныжькым итхэм мазэм еврэ 35-рэ ират. Илъэс 17 - 21-м итхэм - тІукІэ нэхъыбэ. Пэжщ, ахъшэ зратыр адэ-анэм я гъусэу псэун, лэжьын е ефдэн хуейщ (лажьэмэ, и упахуэр еврэ 823-м нэхърэ мынэхъыбэу, ар мы къэралым нэхъ мащІэ дыдэу щат упахуэм и процент 55-м нос).

Сабинщ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм субсидие кьащІэну хуитщи, ари еврн 120 - 150 мэхъу. КІэщІу жьыпІэнумэ, къэралым еврэ 700 мазэ кьэс ирет илъэси 7 - 18 ныбжьым иту сабинщ щапІ унагъуэм.

А псом хэткъым унагъуэшхуэм бэдзэнду кьищта унэм техуэ уасэм и ныкъуэр е зэрыщыту зэрыхуатыр. ЕджапІэм щэтІысхьэж сабийм зэреджэн, зэрытхэн кьищэхун папщІэ гъэ кьэс ират еврэ 280-м щыщІэдзауэ 305-м нэс. Сабийхэр зыгъэпсэхупІэ яшэнумэ, ари къэралым и пщэм дельхьэж. Унагъуэм ийэ хэ хъуэм елъытауэ, иджы ри еврн 150 - 450-м нэс мазэм иратынущ, сабийм зыхэныкъуэ гуэр кьызэрыхуащэхуам и щыхьэт чехэр ирагъэльагъэмэ.

Инджылыз

Мы къэралым унагъуэ псори зэхуэгъадэ. Къапщтэмэ, япэ сабий кьызыхэхъуэ зэщхьэгъусэхэм тхьэмахуэм фунт 20 (сом 1000 хуэдизэ) ират. ИпІанэ кьахъхъуну сабийхэм дэтхэнэ зыми тхьэмахуэм лъагъэс фунт 13-рэ пенс 20-рэ. Мы къэралым «унагъуэшхуэ» псалъэм епхауэ зыри нэхъ лейуэ щащІэркъым. Сабийм щхьэкІэ пособие кьищтэфынуц дэтхэнэ унагъуэми. Псалъэм папщІэ, 2009 гъэм Великобританием сабий пособие щратащ унагъуэ мелуани 7,8-м. Ауэ ахэр «кхъузанэм» щІагъэкІыну, илъэсым зи хэхъуэр фунт стерлинг мин 43-м щІигъуэхэм сабий ахъшэ нрамытыну правительствэм кьигъэуващ. Кризисым Великобританиер зэрригъэгужьем кьыхэхІащ ар. А унафэм кьитеувыІэмэ, къэралым и ахъшапІэм илъэсым кьрунубыдэу кьинэнуц фунт стерлинг мелиарди 2,5-рэ.

США

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм зэрыкъэралу кьызэщІэзыубыдэ сабий ахъшэ тыкІыщыІэкъым. И бжыгъэкІэ куэд дыдэу программэ зэмылІэужьыгъуэхэр къэралми штатхэми щагъэзащІэу аращ.

США-м и хабзэхэр адэ-анэхэм яхуэтхІинщ. Я быныр илъэс 18 ирикъуэкІэ зыгуэр хуагъэныкьуэу ядэнукъым. Унагъуэшхуэхэм къэралыр щадзІэпыкъунур я хэхъуэр мащІэмэщ е адэ-анэм яз мылажьэмэщ. Ахъшэ кьаритынкІэ, е налогхэр ягунгъэмащІэнкІэ, е медицинэ хэлъхуэщІэхэм щІатынум хуКІэригъэхункІэ хъунущ. Псалъэм папщІэ, Мэриленд штатым щыхабзэщ щыхуит зыщІэс унагъуэм мазэ кьэс доллар 1000 и уасэ щыхьи зэмылІэужьыгъуэхэр щратц.

Финляндие

Мы къэралым льготэ жьыхуэтІэм хуэдэ щыІэкъым, ауэ пособие зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ унагъуэщхуэхэм, сабий зыгъуэта бзылъхугъэхэм ядоІэпыкъу. Псалъэм папщІэ, сабийр илъэс ирикъухкІэ зыхуеину псори ират. Илъэс 17 ирикъухкІэ мазэ кьэс сабийм еврэ 100 пьос. Унагъуэм етІуанэ сабий кьихъуамэ, мазэ кьэс еври 110-рэ, ещанэм - 131-рэ, епІанэм - 151-рэ, етхуанэмрэ абы кьыкІэлъыкІуэмрэ - 172-рэ. Анэм е адэм я закъуэу быныр япІмэ, дэтхэнэ сабийм щхьэкІи еврэ 36,60-рэ кърат.

Аращи, я быныр илъэс 17 ирикъухкІэ адэ-анэм еврэ мин 20 кьалэрохьэ, етІуанэ сабийм щхьэкІэ - мин 22-рэ, ещанэм - еврэ мин 27-м нэс. Ауэ абыкІэ зэфІэкІыркъым. Къэралым и пщэм диІлъхьажащ сабий садым щІатым и Іыхьэ гуэрри. Махуэм щэ щагъашхэ сабийкым щыІэ сабийм мазэм еврэ зы мин щІигъу токІуадэ. Абы щыщу адэ-анэм ятыр еврэ 250-щ, щІыпІэ нэхъ пхыдзахэм щыпсэухэм - 200-м. Адрейр бюджетым и хьэкщ. Анэхэр хуитщ сабийр мазибгъу щыхъуэм дэжьапІэм дэкІыжьыну.

Польшэ

ЕтІуанэ, ещанэ сабий кьалъхуКІ. Льготэ гуэр унагъуэхэм щхьэкІэ щыІэкъым мы къэралым. ЕтІуанэ, ещанэ сабий кьэзыльхъухэм къэралым зыгуэр зэрахуищІэн хуейр жаІэ, ауэ ар иджыри псалъэм фІэкІакъым. Сыт атІэ щыІэр Польшэм зи гугъу тщІым теухуауэ? Бын зыгъуэта анэм зэуэ 1000 (ди ахъшэмкІэ мини 10) зи тыгъуэу ират. Абы иджыри зы мин щІагъуэ, унагъуэр хуэмыщІамэ. Сабийр иІэпситІ ирикъуэкІэ анэр е адэр абы бгъэдэсыну хуитщ, мазэм зэлотэ 400 ирату (сом мини 4). Бзылъхугъэм тІу е ныкъыбэ кьиІльхуамэ, ильэсищкІэ мылажьэу ахъшэр кьратынущ, и сабийр ныкъуэныкъуэмэ - ильэси 6-кІэ.

Унагъуэ хуэмыщІахэм пособиеу злотэ 68-рэ ират (сабийр ильэситхэ хьуху), ильэси 5 - 18-м я зэкуэм - зло тэ - 911-рэ. Анэм е адэм я закъуэу сабийхэр япІмэ, зы сабий кьэс злотн 170-рэ ират, ауэ, сабийхэр дапщэ мыхъуми, злотн 340-м щІрагъэгъэнукъым. Пособиер злотэ 80-кІэ нэхъыбэ мэхъу, унагъуэм сабий ещанэ кьаехъуэмэ.

● ДызыгъэпІейтей Іуэху

Афияным дзэр егъэгузавэ

УФ-м и дзэм 2009 гъэм афияным епхауэ кьыщыхъуа щІэпхъаджагъэхэм тІукІэ хэхъуащ. Іэщ1агъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, нужьрей ядъэситхум я бжыгъэм зиІэт зэпытщ.

ДЗЭ ПРОКУРОР Фридинский Сергей мы Іуэхум теухуа зэІущІэм кьыщыщыпсалъэм, мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьихьащ: Кьару зэщІэузэдахэм афияным епха щІэпхъаджагъэхэр процент 1,7-кІэ нэхьыбэ щыхьащ, къэрал иІуэщыдзэхэм - процент 46-м щыпсэащ, Урысейм и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ дзэхэм - 35-кІэ. Мы гъэм и мазибгъуэ кьриубыдэу дзэ зэмылІэужьыгъуэ псоми афияныр щхьэусыгъуэ зыхуэхъуэ щІэпхъаджагъэу 345-рэ кьыщыхъащ.

- Афиян зэрызрихьэлІэм кьыхэкІыу дзэм ебджэ е абы и лІэужьыгъуэ гуэрхэм хэбгъхьэ мыхъуну дохутырхэм кьалъытащ щІалэ мини 3-м щІигъу, - жиІащ Фридинский Сергей. - Щалэгъуалэм щыщ куэд мы узыфэм зэриубыдым уегъэгузавэ, ди кьэралыр зыхъумэн цІыху узынщхэр, акьыл жанх эр тхуримыкъужу, щІэбгъэ зыншэ кьызыщІэхъуэн димыІэжу дыкьигъэнкІэ.

Дзэм и лІэужьыгъуэ псоми я унафэщІхэм, абы щыІэ прокурорхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм зэдащІа Іуэхуэхэм я фІыгъэкІэ мы гъэм нэхъ мащІэ хъуащ дзэм кьулыкъу щызыщІэхэм афияну яІэрыхьар, абы кьыпэкІуэращи, щІэпхъаджагъэхэмэ зэщІащ. Ауэ мы Іуэхур дзэм щхьэщыт шыгагъэушхуэу иджыри кьонэж. Фридинский Сергей щэн кьыгрихьэркъым: Урысей Федерацэм и щІыналъэхэр зэщІэзыубыдэ афиян зэмылІэужьыгъуэхэм дзэр щыпхьумэфынукъым, кьэралыр зэрыщІыту «умыгъэхьэзауэ».

ЛИТОВКИН Дмитрий.
«Известия».

● Къэрэшей-Шэрджэс

Унэр щІын буха - къутэж

Къэрэшей-Шэрджэсым и зыгъэпсэхупІэхэм хабзэм ебакъуэу унэ щыщыухуэхэм ящІэжьагъэжьаиущ.

КъШР-м и Инжьджэ районыр щІыхуэм я зыгъэпсэхупІэ щыпІощ. Бгым къыщызыкІухьхэм, абы лыжэкІэ къежэххэм Архъыз щыпІэр фІы дыдэу яльагъу. Аращ зыхуеину псомкІи кьызэгъэпэща зыгъэпсэхупІэ мы районым щахуэхуным къэралым и мыльку щІыхилъхьэнури.

Мы республикэм Мэзхэмкіэ и управленэм щы Іыхьэ 300 хьэрычэтыщІэхэм бэджэнду ириатат, псынщІэу зэфІагъэувэ унэхэм хуэдэ иращІыхьыну хуиту. Ахэр зыгъэпсэхуакІуэхэм я тыншыгъуэм тещІыхьауэ щытын хуейт. Арщхьэкіэ, упщІэжи усэжи щымыІэу, хьэщІэщхэр, чырбышым кьыхэщІыкІа зэтетхэр яухуащ.

УФ-м Мэзымкіэ и кодексым къыщынэмыщІауэ, федеральнэ гъэзэгухэм я Іуфэхэм ухуэнатІэ зэрыщІагъэкІуэкІ щІыкІэм текуауэ щыІэ хабзэм ебэкъуахэм иджыщ я Іуэхур къыщІэтар. Республикэм къыщІэзэрагъэпэщащ ведомствэ зэхуэмыдэхэм я лэжьакІуэхэр зыхэт комиссэ. Абы кьанэ щымыІэу мы Іуэхум зыщІигъэгъуэза нэужькІэ, судым унафэр Іэщ1алъхьащ. Судым и псалъэри ягъэувакъым: унихьр якъутэжын, щІыпІэри ягъэжьэбзэжьын хуейщ а унэхэр зыухуэхэм.

- Дауи, унэ зыщІам дежкІэ ар хэщІныгъэшхуэщ, ауэ ткІийуэ мы Іуэхум дыбгъэдэмыхьэмэ, хабзэм ебакъуэхэр кьытхуэзэувыІэнукъым. Районым и щІыуэпс кІулейр зэхэфыщІа хъунущ, - жеІэ республикэ прокуратурэм и прокурор нэхъыжь Чотчаев Артур.

Ящ1а унэхэр щакъутэжыну пІальэр судым пыухыкІауэ яхуигъэлъэгъуами, нэхъыбэм а унафэр иджыри ягъэзэщІакъым.

КъШР-м Мэзхэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Кулаков Николай зэрыжиІамкіэ, УФ-м и хабзэхэм тэмэму щыубзыхуакъым пІальэкІэ щыт хъуну унэу е мывэ лъабжьэ быдэ зиІэу дращІеныуэ кьэплъыпэ хъунур. «Аращи, мазэхэр ирамыутщІыкІын, щхьэж здыхуейм унэ щимыгъэувын папщІэ, ди организацэм хуит ищІын хуейуэ республикэм хабзэ щыІэщ», - жеІэ Кулаковым.

ЛАРИНЭ Аленэ.
«Российская газета».

● Ингуш Республикэ

Ууейхэр къыпхуэмеижмэ

- НэгъуэщІ щІыпІэхэм къыкІыу ди республикэм и экономикэм я мыльку кьыхалъхьэнукъым. Хамэхэр абы тегушхуэн щхьэкІэ ингушхэм ящІыщу зэфІэкІ зиІэхэм щапхъэ ягъэльэгъуэн хуейщ, - жиІащ ИР-м и президент Евкуров Юнус-Бек.

Абы къыхигъэщащ ингушхэм я бизнесыр нэгъуэщІ щІыпІэхэм зэрыщІалыгъур икІи я хэкумкІэ къеплъэкІын Іуэху зэрызэрамыхуэр. Евкуровым зэрыжиІамкІэ, къахуэнэжыр проект инхэм пыкІауэ, Іуэхущ1апІэ цІыкІу, курытхэм зрагъэужьынращ.

ГАЗАЕВ Идрис.

● Осетие Ищхъэрэ - Алание

«Кхъузанэм» щІагъэкІынукъым

УФ-м и щІыналъэ 83-м къыщыхэзІуахащ Президент Медведев Дмитрий зыхуагъэзэну, хуэтхъэусыхэну хуейхэм папщІэ пэш. А щІыналъэхэм ящІыщу Осетие Ищхъэрэ - Аланиери.

Къэрал къулыкъущІэхэм кІыхьлІыхь дыдэу Іуэхуэр зэрызэфІахьым е гулъытэнэзу зыкІызэрагъанэм къаригъэгупсэна Іэмалщ мыр.

- ЦІыхухэм я гукъеуэхэмрэ лъэІуэхэмрэ «кхъузанэм» щІэдгъэкІынукъым, ахэр УФ-м и Президентым деж нэдгъэсынщ, - жеІэ республикэм и Унафэщі Мамсуров Таймураз. Езыми и мурадщ а пэш дыдэм цІыхухэм щаІущІэну.

Блыщхьэ-мэрем махуэхэм пэшым и бжэр зэІуахэу щытынущ сыхьэти 9-м къыщыщІэдзауэ 18-м нэсыху. ЦІыхухэм я тыншыгъуэм тращІыхьу, мыбдеж къыщызэІуахащ медицинэм и лэжьакІуэ зыщІэсын пэш, сабий зи гъусэу къэкІуэнкІэ хъуну анэм щхьэкІи пэш щхьэхуэ.

БУНТУРИ Тамарэ.

НапкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.

Лъэсырызекіуэхэм я уэрам

● Нью-Йорк

США-м и къалэ нэхъ ин дыдэ Нью-Йорк и унафэщІу ещанэу хахыжа Блумберг Майкл лъэсырызекІуэхэм тыгъэшхуэ яхуищІащ - иджы ахэращ щытепщэн Таймс-сквером.

Нью-Йорк и Таймс-сквер.

БРОДВЕЙМРЭ 7-нэ авенюмрэ я зэхэкІыпІэм деж щыІэ Таймс-сквером зы махуэм къриубыдэу автомашинэ мин 50-м щІигъу щызэблэкІырт.

Къалэ унафэщІым автомобилистхэр фІыуэ имылъагъуу щэч хуэщІыгъуейщ, ауэ и гур лъэсырызекІуэхэм нэхъ яхуэмыгъуэу къыщІэкІынущ. Езым ифІэфІ дыдэщ лъэсу къыкІуэхьыну. Дуней псом щыщІэрыІуэ хъыбарегъащІэ агентствэ кьызэзыгъэпэща, Америкэм и цІыху нэхъ къулей дыдэхэм ящыщ Блумберг Майкл метромкІэ лэжьапІэ кІуэну фІэфІщ. Транспортым и лэжьакІуэхэм зыкъыщаІэтам, япэу лъакъуэрыгъажэм тетІысхьахэм ящыщ илъэс 68-рэ зи ныбжь мэрыр.

Псалъэм щыдэкІуэу жыпІэнумэ, Майкл и адэшхуэр Урысейм иІэпхъукІауэ щытащ, зэхэзэхуэн ящІа журтхэм ящыщу. И анэр Урысейм иІэпхъукІан ипхъущ. Абы маз эм улахуэу кьыщтэр зы доллардж. Иласым кьратын хуей доллар мини 150-р къалэр зэІуэпэщ ящыным трагъэкІуэдэну къахуегъэнэж.

Лъэсырызекіуэхэм уэрамхэм щыщ ират зэрыхъуам сыт кърикІуар? Хьэуар нэхъ кьабзэ, автомобилхэр адрей уэрамхэм нэхъ псынщІэу щызекІуэ хъуащ. Светофорхэм я деж кьыщыуВыІэн, уэрамхэм зэпрыкІ цІыхухэр блэзыгъэкІын хуей машинэхэр зэтрихьэрт. Иджы лъэсырызекІуэхэм ящыщу гъуэгум фэбжь щызыгъуэтхэм я бжыгъэр процент 35-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, машинэхэри зэтримыхьэу псынщІэу зокІуэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, мы псори фІыуэ зэгупсыса, зэрытхъэзэхуа Іуэхущ кьызэпэкІуар.

Блумберг Майкл зэрыжиІэмкІэ, Нью-Йорк дэсхэм я дежкІэ къалэр тынщыпІэу щытын хуейщ. Абы и уэрамхэм ящыщу лъэсырызекІуэхэм хухахэм турист куэди къокІуэ.

ДЖАЛАГОНИЕ Валерий.
«Эхо планеты» журнал. Тхыгъэр дгъэкІэщІащ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Кумышхэ Хьэмидбийрэ ФатIимэрэ я хэ эхьу.


Iэуес и махуэр Хьы-жьыркоркъуэ СультIан егъэдахэ.

Третяк Татьянэ зэIу щIэр ирегъэкIуэкI.

● Пшыхьхэр

ЦIыхубэм фIыуэ илъагъу Зеущэ Iэуес

Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэ Налшык дэтым иджыблагъэ щыIэхуэсат Къэбардей-Балькъэр, Ингуш республикахэм щыIэхь зиIэ я артист Зеущэ Iэуес и уэрэд жыIэкIэм дихьэххэр. И ныбжьыр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыIэригъэпэща пшыхьым къэкIуат Iэуес и ныбжьэгъуэхэр, и къуажэгъуэхэр, IыхьлыхэрI.

ПШЫХЬЫР дахэу езыгъэкIуэкIа Т ретьяк Татьянэ пэшым щIэсхэм сэлам ярихьу зи махуэр зыгъэльапIэ артистым гуапэу ехьуэхьуа иужь, кIэщIу кьытеувыIащ Зеущэм и творческэ гъуэгуанэм. 1984 гъэм абы кьиуахащ Налшык дэт макьамэ училищэр (зыщигъэсар егъэджакIуэ гъуэ́эджэ Шэрий Иринэ дежщ). АдэкIэ абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Собиновым и цIэр зэ-рихьэу Саратов дэт къэрал консерваторэм. ГъэщIэгъуэнщ дээм къулыкъу щыщищIа ильэсхэм кьриубыдэу Iэуес концерт 275-рэ зэритар. Абдежым щыщIэдзауэ ягъэ увыпIэхэр къыщыщихьа, лауреат щыхьуа зэхьэзэхуэ, зэIущIэ къудым хэтащ Зеущэр. Польшэм, Альджым, Франджым, Тыркум, нэгъуэщI къэралхэми щыпсэухэм абы и уэрэд жыIэкIэр зэхахащ.

Къэд щIакъым и ехьулIэныгъэхэм зы къаэзрыхэхьуэр: ЦIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм и щыхькIэ Москва, Кремлым, щрагъэкIуэкI концертхэм, иужьрей илъэс зытIущми хуэдэу, Iуес хэтащ.

КонцертымкIэ къэдгъэзэжьнщи, Iэуес жиIащ цIыхубэм фIыуэ ильэгъуэхэри ягъэ мгъэзащIэ уэрэдыщIэхэри. Дызыщыгъуазэхэм я гугъу дымыщми, щIэхэр кьыхэдгъэщынщи, ахэр Багъэтыр Нинэ и псальэхэр зыщIэлъ «ГъащIэм и уэрэд», Къардэн Къэрэнашэ Маринэ итха «Алия», «Маргарет» (урысыбзэкIэ) уэрэдхэрщ. Абыхэм макьамэ щIэзыльхьар езы Iэуесщ.

Зи махуэр пшыхь дахэкIэ зыигъэльапIэ артистым и гуфIэгъуэр даIыгъащ, хьуэхьу дахэхэмрэ я уэрэд цIэрыIуэхэмкIэ абы зыхуагъэззащ УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэу **Батыр Мухьэ динрэ Ташло Алийрэ**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу **Тхьэгъэлэдж Светланэ, Теппеев Алим, Даур Иринэ, Хьыжьыкуэ СультIан** сымэ, **Ракитинэ Иринэрэ Тре тьяк Татьянэрэ, «Иман»** уэрэджыIакIуэ, **«Каллисто»** къэфакIуэ гупэхэр. Апхуэдэуи пшыхьым зыкьрагъэхьэлIэри Iэуес ехьуэхьуащ Къулъкъужьи Ищхьэрэ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Кумыщ Хьэмидбий**, Бахьсэн район администрацэм и унафэщIым и хьуэдэ **Быркьэн Залинэ**, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткIэ **Дау Марианнэ**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Мухьэмэд**, нэгъуэщIхэри.

Iэуес и уэрэдхэм «Каллисто» гупыр дахэу кьыдофэ.

- Зы лъэхьэнэ гуэр, ныбжь и лъэныкьуэкIи творчествэ ехьэлIауи цIыхум къыIэриныкIа иужь, абы зыгуэр идощыIэрри ди лэжьыгъэр кьэтпащытэж щIыкIэу ар цIыхухэм ядогъэльагъу. Ар сэ хабзэ дахэу собж, - жиIащ Iэуес зыщIыхуэдгъэзам. - Апхуэдэ зыщ мы концертыр. Нэхъыщхьэ дыдэу къэслъытэр си ныбжьгъуэхэм, си гъусэу уутыкум итхэм си махуэр кьызэрыздаIыгъащ. Абы срогуфIэ, срогушхуэ, фIыщIи яхуэощI.

Уэрэд жыIэным нэмыщIкIэ, нэгъуэщI лэжьыгъэ Iэнатlи ирехьыкI Зеущэ Iэуес: ар Бахьсэн къалэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщIщ.

- ИльэситI мэхьу а уэшхуэм (апх уэдэу жыIпI хьуную метр зэбгъуэзэнатIэу 3700-рэ зэрыхьэр кьэпльытэм) и унафэщIу къэсыгъэ Iэмэпсымэхэм щыщкIи диIэщ. А студием егъэбыдылIауэ я кьыззэдгъэпэщыжыну макьамэ Iэмэпсымэхэм я ансамблыр.

ДиIэхэм я гугъу пщIымэ, адыгэ кьафэм щыхуагъасэм и Iуэхуэгъэ фIы дыдэу щызэтеублащ. Нэхуш Маринэ сабий 200-м нэс егьаСэри, абы кьыхэжаныкIэхэр хегъэхьэ зи унафэщI «Бахьсэн ауз» цIыхубз къэфакIуэ гупым. Зыкьом щIауэ Хьэндэхьу Эльвирэ иIыгъщ уэрэдымрэ кьафэмкIэ «ДжэгуакIуэкI» Iуэрыпуатэ-этнографие театрыр. Апхуэдэуи зыхуей хуэзыгъэ диIэщ шахмат клуб, Щэнхабзэмкlэ унэм кьегъэщIылIауэ мэлажьэ спорт кьудамэ.

Абыхэм срогушхуэ, си мурадхэмрэ хьуэпсапIэхэмкIэ сопсэури, кьыззэхьулIэмэ си гуапэщ, - жиIащ Зеущэ Iэуес.

Зытхыжар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Уэрэджыакlуэм и пшыхьым х эта и ныбжьэгъуэхэр.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Нэхъыжьхэм уэрэд жаIэ

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъагъуащIэм щекIуэкIащ лэжьыгъэмрэ зауэмрэ я ветеранхэр зыхэт «Эстафета» хорыр илъэс 35-рэ щрикъум ирихьэлIэу кьызэрагъэпэща пшыхь дахэ.

ЗИ МАХУЭШХУЭ гупыр кьалэм щекIуэкI сыт хуэдэ зэхьыхьми и хьэщIэ лъапIэщ. «Эстафетэ»-м лэжьэн щыщIидзам, абы хэтыр цIыхуи 6 къудейт, иджы ахэр 48-рэ мэхъу. 1992 гъэм щегъэжьауэ гупым я унафэщIыр Хъарзынэ Русланщ.

1975 гъэ лъандэрэ концерт миным нэблагъэ зыта хорым уэрэди 100-м щIигъу егъэзащIэ. 1989 гъэм «ЦIыхубэ самодеятельнэ гуп» цIэ лъапIэр къыфIащащ. 1998 гъэм ар «ЦIыхубэм и хор» хуэдэу. Хорым хэтхэм я нэхъыбэм я ныбжьыр илъэс 80-м щIигъащ.

Нэхъыжьхэм гукъыдэж кьарет мы Iуэхуэм, ауэ езыхэм нэхъыщхьэу кьаIыьатэр ягъэм яуса зэрыщхьэр щIэлэр бгъэзэнымкIэ щIэгъэкъуэныщхэуэ зэрыщытырщ.

ДАДУ Тlэхьир.

Щытыкlэ гугъум ихуа сабийхэм ядэIэпыкъунымкIэ урысейпсо фондым «Сабийхэм гущIэгъуншэу щахущымыт кьаIэ» цIэр зиIэ къэралпсо зэпсэуа идакьболагъэ кьызэпхьаащ. Зэхьэзэхуэм ди щIыналъэми зыщIубгъуащ. Абы жыджэру хьыхащ Бахьсэн къалэм и еджапIэхэр.

ЗЭПЕУЭМ ипкъ иткIэ, еджапIэхэм щрагъэкIуэкI сабийхэм я хуитыныгъэ хэр хьумэным теуха зэIущIэхэр, пшыхьхэр, нэгъуэщI зэхьхьэхэр. Iэджий Хьэсэн зи унафэщIу кьалэм дэт курыт школ №8-м кьыщIэзэрагъэпэщащ а Iуэхум екьэIа сочиненэхэм я зэпеуэ. Абы нэхъыфIу кьыщалъытахэм ящыщщ 9-нэ классым щеджэ **Хэжь Маринэ** и кьалэмыпэм кьыпыкIар. НыбжьыщIэм и гупсысэхэр кьыщигъэльэгъуа а лэжьыгъэ хьэпэмэтыр нобэ ди газетым тыдодзэ.

ФIы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым

«Быныр, ди сабийрщ дыщIэпсэурI Тремыт мы дунейм гущIэгъуншагъэмрэ лейзехьхьэмрэI» - куэдрэ зэхьдох мы псальэхэр, арщхьэкIэ кьохьу язныкьуэ балигъхэм я гущIыIагъымрэ пхъашагъэ ямылеймрэ абыхэм щыкъуагъащIкIуэ. Сэ зи гугъу сщIыр зи сабий хьифIэзыдзэхэрщ, аэр щыхьрыутIыпщу, зэ хэзедэмту дунейм кьыитезыIа адэ-анэхэрщ. Фыщыыа зэгуэрым фэ сабий зеиншэхэр щапI унэм? ФакIэтъыпльауэ пIэрэ а цIыкIуэхэр зыгуэр кьедэхэщIэным, кьегъэпэным пэйльауэ, зэрыщыысым? ФышIэплъэфа ашэ бгъафэм кьышIачу тьыфIадза сабийм и нэ зеиншафэхэм? Даун, зэхэф хащ яхуэкIуэ дэхэнэмэ «мамэрэ» «папэкIэ» еджэну а цIыкIуэхэр зэрыщIэхъуэпсыр.

Пэжщ, куэдрэ кьохьу бын зимыIэ унагъуэхэм а Iуэхуэщ Iапм сабий цIыкIу кьыхахрэ, ар езыхэм яй дыдэм хуэдэу ягъпIн, ягъэсэн, кьащIэувэн мурад дахэ хэр щащI. ЦIыкIур зрагъэсэн щхьэкIэ, абыхэм япэ щыкIэ ар я деж яшэу-кьаушэжу щIадзэ, абы и нэгу зрагъэужь, и гуапэ ящIын папщIэ тыгъэ гуэрхэри кьыхущI. Аэр нужькIэ, балигъхэм я гъащIэм зэхъуэжкIыныгъэ гуэрхэр кьырыгъэльэпIэнуми хуэмурэ зыхудогъэхьэзыр.

Бахьсэн Щэнхабзэмкlэ и унэм зы зэман щыIаущ щытащ эстрадэ уэрэд жыIэныкIэ студиё, Аренгольд Сергей и унафэщIу. А унэтIыныгъэмкIэ ди кьалэм зыри зэрыщымылэжьэжыр, сэйрихэмрэ я дежкIэ абы уасэ зэримыIэр Iуэхум кьыхэсльытауэ, мис ар кьызэзгъэпэщыжыным и ужь ситщ. Апхуэдэу ди кьалэм щыяпэу макьамэ щатх студие сщIыну си гугъэщ. Пэшыр кьызэритщIыкIынум етхьэлIэнхуэри кьызэзыри, щIэдгъэуэзэну Iэмэпсымэхэм щыщкIри диIэщ. А студием егъэбыдылIауэ я кьызэдгъэпэщыжынущ макьамэ Iэмэпсымэхэм я ансамблыр.

ДиIэхэм я гугъу пщIымэ, адыгэ кьафэм щыхуагъасэм и Iуэхуэгъэ фIы дыдэу щызэтеублащ. Нэхуш Маринэ сабий 200-м нэс егьаСэри, абы кьыхэжаныкIэхэр хегъэхьэ зи унафэщI «Бахьсэн ауз» цIыхубз къэфакIуэ гупым. Зыкьом щIауэ Хьэндэхьу Эльвирэ иIыгъщ уэрэдымрэ кьафэмкIэ «Джэгуакlуэ» Iуэрыпуатэ-этнографие театрыр. Апхуэдэуи зыхуей хуэзыгъэ диIэщ шахмат клуб, Щэнхабзэмкlэ унэм кьегъэщIылIауэ мэлажьэ спорт кьудамэ.

Абыхэм срогушхуэ, си мурадхэмрэ хьуэпсапIэхэмкIэ сопсэури, кьыззэхьулIэмэ си гуапэщ, - жиIащ Зеущэ Iэуес.

Зытхыжар
ИСТЭПАН Залинэщ.

ГущIэгъуншагъэм и бийхэр

● Зэпеуэ

Зэпеуэм жыджэру хэтащ школым и еджакIуэ куэд.

ЩIэкъурп. ЗэлIэлIа сабийр яIэщIокъуж, къэфIэмыIужж махуэ. Ар сыт хуэдэу удын хьэпъэ а сабийм и дежкIэ. ГъащIэм нэху, Iэфыгъэ кьыхьхьэжу кьызыщIыхъуа цIыкIум и гум щыщIэр сыт хуэдизу пIэрэ? Куэдрэ дызыпэплъа дыгъэр пшэ фIыщIэжьхэм запщIэу щыкьуалъэфжьыну я деж кьызэрыщыщыгум изогъэщхь апхуэдэу кьэгугъа сабийхэм я псэм и щытыкIэр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, япIыну я унэм яша сабийхэр зеиншэхэм я унэм кьыщратыж кьэкъу, ахэр гъэсэным е пIыным ехьэлIа гугъуехь гуэркIэм унагъуэр япэу зэрыIуэу. Ар гущIэгъуншагъэ дыдэщ. Сабийр уэзрыджэгу хьэпшыпкъым - абы уи зэш ярытебгъэуэр зэбгъэтIылъэкIыж хъунукъым.

Ебащ1эм дыщрохьэлIэ мыпхуэдэ Iуэхуэхэм. Сабий зимыIэ зэщхьгъуэхэм зеиншэ щыкIу кьахьри япI, гъагъуныгъэрэ гулъытэкIэ ягъэнщIу, зыхуей хуагъазэу. Апхуэдэхэм куэдрэ кьахокI сабий зеиншэр быптегъуэтэу кьызыхущIэкIхэри. Гу щабэрэ псэ хуабэрэ зиIэ зэщхьгъусэхэм я гущхьэ кьэкIыркъым а сабийтIыр зэхуамыгъэдэну, уебIэмэ, сабий япIар уГъурIыуэ, насыпкъэзыIу кьатьытэу, ар нэхъыфIыжу ялъагъу.

Мыпхуэдэ хъыбархэм уедIэуэфыркъым, гуфIэгъуэ нэпсхэр къыпфIемыкIуэу.

Адыгэ псальэжьым «ФIы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым» жеIэ. ЦIыхум, псом хуэмыдэу щыгъыкIэ гугъум ихуа сабийм, гулъытэ хуэзыщIым ар щэрэ мину бэгъуэгуэ къыпекIуэкIыжьынущ. Апхуэдэу дыщытыным дыхущIэвгъэкъу псори: балигъхэри сабийхэри. ИтIанэ гущIэгъуншэмрэ лейзехьэ хэмрэ дунейм иэхъ мащIэ щыхъунт, ди гъащIэри хэтщIыкIыу ефIэкIуэнт. Ар сэ си хьуэпсапIэхэм ящыщщ».

● Атлетикэ хьэлъэ

Аккаевыр Урысейм и Кубокым щытокIуэ

Урысейм и Кубокыр атлетикэ хьэлъэмкIэ къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ Тэтэрстаным щекIуэкIащ. Спортсмен 400-м нэблагъэ зэхуэдэщIэса зэпеуэм я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуащ икIи екъулIэныгъэхэр щыIэрагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм.

УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Маккаев Маухьэ и гъэсэн Аккаев Хьэжмурат къэралым и Кубокыр къихьащ. Абы къыдэкIуэуи ди спортсменым рекордыщIэ игъэуващ. УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Риггерт Давид къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэ екъулIэныгъэ иджыри къызыдэсым къэзыгъэлъэгъуа щIыпхъэм.

Мы зэхьэзэхуэм къыщыхахащ 2011 гъэм Къэзан щекIуэкIыну Европей чемпионатым хэтыныхэр. Абы, дауи, Аккаеври хагъэхьащ.

КЪАМБИЙ Ислъам.

«Риони» утыкур къылъос

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жьыгъуэ зэгухьэныгъэхэм ядолжьэныкIэ и министерствэм Налшык дэт курыт школ №5-м иджыблагъэ щригъэкIуэкIащ «Куржы щэнхабзэм и махуэ» зыфIаща зэIущIэ гъэщIэгъуэн.

«ЩЭНХАБЗЭ зэпсэльныгъэхэр» проектым хэту зэхашэ апхуэдэ пшыхьхэмкIэ министерствэм кьалэну зыхуигъэувыжащ еджакIуэхэр республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щыIэкIэ-псэукIэмрэ хъугъэгъуу щигъэгъуэзэну.

«Риони» куржы лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI Лобжанидзе Анзор еджакIуэхэм яхутепсэльыхьащ Куржым и тхыдэм, и хабзэм, абы и щIыналъэхэр зыхуэдэм, а лъэпкъым кьыхэкIауэ ягъэнщIу, зыхуей хуагъазэу. Апхуэдэхэм куэдрэ кьахокI сабий зеиншэр быптегъуэтэу кьызыхущIэкIхэри. Гу щабэрэ псэ хуабэрэ зиIэ зэщхьгъусэхэм я гущхьэ кьэкIыркъым а сабийтIыр зэхуамыгъэдэну, уебIэмэ, сабий япIар уГъурIыуэ, насыпкъэзыIу кьатьытэу, ар нэхъыфIыжу ялъагъу.

Мыпхуэдэ хъыбархэм уедIэуэфыркъым, гуфIэгъуэ нэпсхэр къыпфIемыкIуэу.

Адыгэ псальэжьым «ФIы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым» жеIэ. ЦIыхум, псом хуэмыдэу щыгъыкIэ гугъум ихуа сабийм, гулъытэ хуэзыщIым ар щэрэ мину бэгъуэгуэ къыпекIуэкIыжьынущ. Апхуэдэу дыщытыным дыхущIэвгъэкъу псори: балигъхэри сабийхэри. ИтIанэ гущIэгъуншэмрэ лейзехьэ хэмрэ дунейм иэхъ мащIэ щыхъунт, ди гъащIэри хэтщIыкIыу ефIэкIуэнт. Ар сэ си хьуэпсапIэхэм ящыщщ».

● ГъэIэгу къежьапIэ

XXI лэщIыгъуэм и пашэр

зыфIаща урысейпсо зэпеуэм и иужьрей Iыхьэр иджыблагъэ Санкт-Петербург щекIуэкIащ. Сабий, щIалэгъуалэ жьыгъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр зыхэта зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэ куэдым кьикIа ныбжьыщIи 100-м щIигъум.

Жэуаплныгъэшхуэ, жэрдэм зыхэль, Iуэхум тегушхауэ бгъэдыхьэ гуп хэтыкIэ зыщIэ щIалэгъуалэм я зэпеуэм хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр Прохладнэ куейм щыщхэрщ. Прохладнэ районым администрацэм щIалэгъуалэ Iуэхуэхэмрэ спортымкIэ и къудамэм и Iыгъыпкъэ I нэхъыщхьэ **Доценкэ Иринэ,** Ульяновскэ къуажэ эм щIалэгъуалэм щадэлажьэ **Шамилов Халит** , Заречнэ жылэм дэт курыт еджапIэм и 11-нэ классым щIэс **Анаевэ ФатIимэт** сымэ КъБР-м и пщIэр зэпеуэм щыIэтыныр дзыхь зыхуащIар.

Прохладнэ щыщ щIалэгъуалэм жьыдкэру зыкьыщагъэ лъэгъуащ кIэух зэIущIэм икIи Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуа зэпсэльныгъэхэм хэтащ, апхуэдэуи иджыпсту я районым щагъэзащIэ социальнэ проектхэр утыку кьрахьащ. А проектхэм хохьэ «Класс нэхъыжьхэм щIэсхэр», «ЩIалэгъуалэмрэ ветеранхэмрэ», «Зэныбжьэгъугъэм и парк - зэгурыIуэныгъэм и парк» зи фIэщыгъэщIэ, кьыдэкIуэтей щIэблэр зыIуу гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэр кьэгъуэтыным, Хэку зауэшхуэм хэтахэм, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм, ныкъуэдыкъ уэ зэрадэIэпыкъуныным, кьуажэхэм я теплъэр егъэфIэкIуэным ныбжьыщIэхэр кьыхэщIыным хуэгъэпсэ проектхэр.

Зэпеуэм хэта щIалэгъуалэм зэрыжаIамкIэ, зэхьэзэхуэр сэбэп хуауащ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр здынэсыр хэIущIыну щынымкIэ, я ехьулIэныгъэхэмкIэ зэдэгугъэшяныкIэ, адэрейхэм я лэжьэкIэм щапхъэ трахьынымкIэ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

ЗэIущIэр йокIуэкI.

● ГИБДД-м къет

Хъыбар гуэр фщIэмэ...

2010 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м сыхьэт 14-м, ямыбзыхуа автомашинэр, Налшык щыIэ Калюжнэ зэрамыт тету зэзгъэкIыпIэм дежи щыжьэхэуащ. 1934 гъэм кьалъхуа лъэсырыкIуэм. Машинэр къимыгъэувыIэххэу, шоферым зигъэщIкIужащ.

Къэхъуа Гуэзгу насыпыншагъэр зыльэгъуа щIэмэ, дынывольэу зыхьбар евгъэщIэну мы телефонхэмкIэ: **49-57-50, 49-56-76 е 02.**

Фыхэтми хэIущIыну ящынукъым.

Шынагъуэншагъэм и хэкIыпIэ

Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, шоферхэм я зэранкIэ къэхъу авариехэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ и чэзум техникэ кIэлъыплъыныгъэр ирамыгъэкIуэну зэрыдэтIысхьэр.

КIэлъыплъыныгъэр и зэманым ирагъэкIуэкIын, абы пхымыкIауэ техникэр къемыгъэгъэсэбэпын мурадкIэ, Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэр транспортыр гъэугум зэрыщызекIуэм кIэлъыплъым и мызакъуэу, автопредприятэхэм я щыщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкI. Псом хуэмыдэу гулъытэ щхьэхуэ хуащI цIыхухэр, шынагъуэ зыпылъ хьэлъэхэр къызэрырашэкI транспортхэм.

УФ-м и Правительствэм и Унафэ №880-м, МВД-м и Унафэ №190-м щIыбзыхуащ ГАИ-м щатха транспортхэм техникэ кIэлъыплъыныгъэхэр зэрыгъэкIуэкIыпхъэр. Абыхэм ящхь иткIэ, автотранспортыщIэр техникэ кIэлъыплъыныгъэм ящэу щыпхыкIыж дежкIэ къызэращIатамкIэ талоныр илъэсищкIэ ират, кьыкIэлыкIуэу илъэситI кьэс зэ тIэунейрэ, адэкIэ илъэс кьэс къэрал техникэ къэпщытэныгъэр егъэкIуэкIын хуейщ. ЦIыхухэр, шынагъуэ зыпылъ хьэлъэхэр къызэрырашэкI автотранспортхэм (автобусхэм, Газелхэм, таксихэм, н.) техникэ къэпщытэныгъэр мазих къэс ирагъэкIуэкIыпхъэщ.

Техникэм и щытыкIэм ельытауэ, автотранспортыр къэпщытэныгъэм зымыхуфхэм, щыпсэу щIыпIэм щыIэ ГИБДД-м зыхуагъаззу, ныкъусаныгъэ зиIэ я транспортыр къызэрапщытамкIэ дэфтэр кьыIахьи хуейщ, иужькIэ налог инспекцэм иратын папщIэ.

Зи транспортыр зэпкърыщызыщIауэ, зэрятхамкIэ тхылъхэмрэ къэрал дамыгъэхэмрэ зыфIэкIуэдахэм ГИБДД-м зыхуагъаззэн хуейщ, налог инспекцэм папщIэ справкэ кьыIахьи.

Рулым дэсхэм фигу кьыдогъэкIыж, УФ-м и КоАП-м и 12.1 статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, техникэ кIэлъыплъыныгъэр и чэзуи мрамыгъэжьэжамэ, шоферым административнэ къуэдыуэ сум 500-м щыщIэдзауэ сум 800-м нэс тралъхьэ икIи транспортыр къигъэсэбэпыну иужьиту ягъэув, къэрал регистрацэ дамыгъэхэр трах.

Налшык къалэ УВД-м и ОГИБДД.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**



ДИХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщIанэ я къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхуэщ Iапм Iэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; езыгъэжьагъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ Iапм Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьныр и пащ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лъагъэхъэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграфо ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ,** редактору **Бащ Фатlимэ,** корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Иуан Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №67